Департамент образования Мэрии г. Грозного
Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа № 31» г. Грозного
(МБОУ «СОШ № 31» г. Грозного)

Соьлжа-ГIалин Мэрин дешаран Департамент
Соьлжа-Г1алин муниципальни бюджетни йукъардешаран хьукмат
Соьлжа-Г1алин «Йуккъера йукъардешаран школа № 31»
(Соьлжа-Г1алин МБЙХь «ЙЙШ № 31»)

ВЫПИСКА ИЗ ОСНОВНОЙ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЙ ПРОГРАММЫ
ОСНОВНОГО ОБЩЕГО ОБРАЗОВАНИЯ (ООП ООО)

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

(ID:17133396)

учебного предмета «Родной (чеченский) язык»

Уровень общего образования: среднее общее образование

(11 класс)

Составитель: Дадаева М.М.-
учитель чеченского языка и литературы

п. Шейха-Изнаура Несерхоева, 2023 г.

1.ДОВЗИЙТАРАН КЕХАТ

Программа хIоттийна нохчийн меттан хьехархочунна ишколан дешаран хIинцалерчу тенденцешна а, Iаморан жигарчу методикашна а тIехьажийна йолу дешаран предметан белхан программа хIоттош, методически гIо-накъосталла даран Iалашонца.

Белхан программо хьехархочун таро хуьлуьйтур йу:

1) нохчийн мотт хьехаран процессехь коьртачу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь билгалдаьхначу Iаморан личностни, метапредметни, предметни жамIашка кхачош долу хIинцалера некъаш кхочушдан; (кхин дIа – ФПДС КЙД);

2) билггал йолчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, билгалдина дакъа/тема Iаморна дешаран хенан магийнчу герггарчу дIасайекъарх, ткъа иштта дакъойн/темийн Iаморан коьчал карайерзорхьама йалийнчу дешаран гIуллакхдаран коьртачу кепех пайда а оьцуш, рузманан-тематикин планировани кечйан.

Личностни а, метапредметни а жамIаш далийна, коьртачу йукъардешаран ишколехь нохчийн мотт хьехаран башхаллаш тидаме а оьцуш.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмето билгалдо предметашна йукъара уьйраш гуманитарни циклан кхечу дешаран предметашца кхочушйар.

«НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА

Нохчийн мотт – нохчийн халкъан ненан мотт, Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт.

Нохчийн мотт хааро а, цуьнан тайп-тайпана кепаш, функциональни тайпанаш карадерзоро а, цуьнан стилистически башхаллех, суртхIотторан таронех кхетаро а, нохчийн маттах тайп-тайпанчу тIекаренан хьелашкахь нийса а, эвсараллица а пайдаэца хааро а билгалдоккху адаман кхиаме хилар.

Нохчийн матто, шен тIекаренан а, ойла йовзийтаран а коьрта функцеш кхочушйеш, адамашна йукъахь уьйр латтайо, адаман кхетам а, дог-ойла а кхолларехь дакъалоцу; нохчийн мотт нохчийн халкъан хаамаш,
оьздангаллин ламасташ, истори ларйаран а, йовзийтаран а коьрта гIирс бу.

Ишколехь нохчийн мотт Iамор тIехьажийна ду дешархочун оьздангаллин а, коммуникативни а культура кхачаме йалорна а, цуьнан интеллектан а, кхолларалин а говзалла, ойлайар, иэс, суртхIоттор, ша кхочушден дешаран гIуллакх кхиорна а.

Нохчийн мотт Iаморан чулацам иштта тIехьажийна бу функциональни говзалла, адаман йешаран, текстех кхетаран, тайп-тайпанчу барамийн текстийн хаамах пайдаэцаран, цуьнан маххадоран, цунах ойлайаран, шен Iалашонашка кхачаран, шен хаарш а, таронаш а шорйаран, йукъараллин дахарехь дакъалацаран интегративни хаар санна, кхиорна. Къамелан а, текстан а гIуллакх нохчийн меттан ишколан курсан къепе кхолларехь коьртаниг ду.

Цаьрца догIуш долу хаарш а, карадерзарш а далийна Iаморан метапредметни, предметни жамIийн ларамехь, Iаморан чулацамехь (дакъош: «Мотт а, къамел а», «Текст», «Меттан функциональни тайпанаш»).

Дешаран предметан чулацам кхочушбан таро йу классал арахьарчу гIуллакхдарехь: экскурсеш, тематикин мероприятеш, конкурсаш, и. д.кх.

«НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ IАМОРАН IАЛАШОНАШ

Коьртачу йукъарчу дешаран программашца нохчийн мотт Iаморан Iалашонаш йу:

патриотизмах кхетар а, иза гучуйаккхар а, нохчийн мотт Нохчийн Республикин шолгIа пачхьалкхан мотт санна, нохчийн халкъан къоман мотт санна ларар; маттаца нохчийн халкъан син хьал лардаран, довзийтаран кепе а, тIекаренан гIирсе а санна кхетаме йукъаметтиг хилар; нохчийн культуре ларам гучубаккхар;

нохчийн мотт адаман кхиаран гIирс, йукъараллин уьйр кхолларан гIирс санна караберзор;

нохчийн маттах, цуьнан дIахIоттамах, функцех, нохчийн меттан стилистически гIирсех хаарш карадерзор; литературин меттан норманаш а, къамелан оьздангалла а практикехь карайерзор; жигара пайдаоьцучу а, нуьцкъаллин а дешнийн хьал тодар а, шен къамелехь тайп-тайпанчу грамматически гIирсех пайдаэцар а; орфографически а, пунктуационни а говзалла кхачаме йалор, шен къамел кхачаме далоран лаам кхиор;

къамелан гIуллакх, адамашна йукъарчу куьцан а, куьцан доцучу а тIекаренан хьелашкахь гонахарчу нахаца эвсара йукъаметтигаш латтош долу коммуникативни карадерзарш кхачаме далор; нохчийн мотт тайп-тайпана хаамаш бовзаран гIирс санна караберзор;
ойланан гIуллакх кхачаме далор, нохчийн мотт Iаморехь дустаран, анализан, синтезан, жамIдаран, тайпанашка дIасадекъаран, билгала йолу бакъонаш дIахIитторан, универсальни интеллектан карадерзарш кхиор;

функциональни говзалла кхиор: хаамийн лехам кхочушбаран, оьшу хаам схьакъасторан а, хийцаран а, тайп-тайпанчу барамехь йолчу текстийн чулацам тидаран, царах кхетаран, пайдаэцаран хаарш; текстан хааман-маьIнин йухакечдаран стратеги а, говзалла а, некъаш а карадерзор; текстах, цуьнан гIуллакхах, йукъарчу маьIнех, маьIнин дIахIоттамах, авторан коммуникативни Iалашонах, меттан гIирсийн гIуллакхах кхетаран кепаш карайерзор.

ДЕШАРАН ПЛАНЕХЬ «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН МЕТТИГ

Коьртачу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца догIуш, «Ненан мотт (нохчийн)» дешаран предмет йукъайоьду «Ненан мотт а, литература а» предметни областана, Iамо декхарийлахь долу предмет а йу.

Дешаран хьесапца нохчийн мотт Iаморна билгалдаькхина 33 сахьт:
11 классехь – 33 сахьт (кIиранахь – 1 сахьт).

2. «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

11 КЛАСС

<u>Синтаксис. Цхьалхе а, чолхе а предложени. Ма-дарра а, лач а къамел.</u>

Синтаксис – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан синтаксисан дакъош. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан дIахIоттам а, тайпанаш а. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйр а, тайпанаш а (бартбар, урхалла, тIетовжар). Предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически маьIна а. Аларан Iалашоне а, эшаре а хьаьжжана, предложенийн тайпанаш. Предложени кечйеш болу гIирсаш: эшар (интонаци), логически тохар, дешнийн къепе. Предложенин грамматически бух

Цхьалхе а, чолхе а предложенеш. Цхьалхе предложени. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш а, церан хилар а. Цхьалхечу предложенийн тайпанаш: шинахIоттаман а, цхьанахIоттаман а, йаьржина а, йаржаза а, йуьззана а, йуьззана йоцу а, чолхейаьлла а, чолхейалаза а. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш. Чолхейаьлла предложени. Цхьанатайпанчу а, шакъаьстинчу а меженашца а, тIедерзарца а, йукъадалочу дешнашца а, йукъайалочу конструкцешца а йолу предложенеш.

Чолхе предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически бух а. Чолхечу предложенийн тайпанаш: хуттургийн а, хуттургаш йоцу а, чолхе-цхьаьнакхетта а, чолхе-карара а. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени: дIахIоттам, тайпанаш, вовшех йозаран гIирсаш а, кепаш а. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Чолхе-карара предложенеш: дIахIоттам, тайпанаш. Чолхе-карарчу предложенехь коьртачу а, тIетухучу а предложенийн уьйран гIирс. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш

Хуттургаш йоцу чолхе предложени, дIахIоттам. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Нехан къамел довзийтаран кепаш. Текст синтаксически дакъа санна. Предложенийн а, текстан дакъойн а уьйрийн гIирсаш а, кепаш а.

Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйран кеп къастор, предложенин грамматически бух билгалбар. Цхьалхечу а, чолхечу а предложенийн тайпанаш билгалдар. Предложени синтаксически къастор. Чолхе-карара предложенеш цхьалхечу а, цхьалхенаш чолхечу а предложенешка йерзор. Текст а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а кхолларан норманаш ларйар

Ма-дарра а, лач а къамел. Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор. Ма-дарра къамелехь сацаран хьаьркаш. Цитаташ а, цаьргахь сацаран хьаьркаш а.

<u>Пунктуаци. Орфографи.</u>

Пунктуаци нийсайаздаран бакъонийн къепе санна. Пунктограммех кхетам балар. Предложенин чаккхенгахь, цхьалхечу (чолхейаьллачу а, чолхейалазчу а), чолхечу предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, цитаташкахь, диалогехь сацаран хьаьркаш.

Пунктуационни хааршца йоьзна само кхиор. Йозанехь пунктуационни коьрта норманаш ларйар. Дош орфорграфически къастор. Пунктуационни къастор. Орфографически а, пунктуационни а хьесапаш кхочушдеш орфографически дошамех, нийсайаздаран справочникех пайдаэцар.

Орфографи дешнаш а, церан кепаш нийсайазйаран бакъонийн система санна. Орфограммех кхетам. Орамехь мукъа а, мукъаза а элпаш нийсайаздар. Ъ, Ь нийсайазйар. Дешнаш цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар. Дош дехьадаккхар. Доккха а, жима а элпаш йаздар. Нийсайазйаран дошамаш

3. КОЬРТАЧУ ЙУКЪАРЧУ ДЕШАРАН ТIЕГIАНЕХЬ «НЕНАН МОТТ (НОХЧИЙН)» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ

ЛИЧНОСТНИ ЖАМIАШ

Коьртачу йукъарчу дешаран нохчийн меттан Герггара белхан программа карайерзоран личностни жамIашка кхочу дешаран а, кхетош-кхиоран а гIуллакхийн цхьааллехь, нохчийн къоман ламасталлин социокультурни, синъоьздангаллин мехаллашца, йукъараллехь тIеэцначу низаман бакъонашца, норманашца догIуш а долуш, цул сов, жамIаша ша-шен довзарехь, ша-шен кхетош-кхиорехь, ша-шен кхиорехь адаман чоьхьара хьелаш кхолларехь аьтто а бо.

Коьртачу йукъарчу дешаран нохчийн меттан Герггара белхан программа карайерзоран личностни жамIаша гайта деза позитивни мехаллех кхетаран къепен куьйгаллица болх бан дешархой кийча хилар, цуьнан къепен буха тIехь а, кхетош-кхиоран гIуллакхдаран коьрта некъаш кхочушдарехь а гIуллакхдаран зеделларг совдаккхар, цу йукъахь кху декъахь:

***Граждански кхетош-кхиоран*:**

гражданинан декхарш кхочушдан а, цуьнан бакъонаш тIеэца а кийча хилар, кхечу адамийн бакъонаш, маршо, бакъдолу хьашташ ларар; доьзалан, дешаран хьукматан, меттигерчу йукъараллин, виначу мехкан, пачхьалкхан дахарехь жигара дакъалацар, цу йукъахь нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкахь гайтинчу хьелашца дустарехь дакъалацар а; экстремизман, дискриминацин муьлхха а кеп тIецаэцар; адаман дахарехь тайп-тайпанчу йукъараллин институташа дечу гIуллакхах кхетар; коьртачу бакъонех, маршонах, гражданинан декхарех, йукъараллин норманех, нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкарчу

масаллийн буха тIехь кхиийнчу поликультурни йукъараллехь адамийн вовшашца йолчу йукъаметтигийн бакъонех лаьцна кхетам хилар; цхьаьна тайп-тайпана гIуллакхаш кхочушдан кийча хилар, вовшех кхета, вовшашна гIо дан гIертар; ишколан шайн урхаллехь жигара дакъалацар; гуманитарни гIуллакхдарехь дакъалаца кийча хилар.

***Патриотически кхетош-кхиоран*:**

Нохчийн Республикин пачхьалкхан матто санна нохчийн матто дечу гIуллакхах кхетар; нохчийн мотт, истори а, шен мехкан культура а йовза лаам гучубаккхар; нохчийн маттаца, шен Даймехкан кхиамашца, Iилманца, исбаьхьаллица, тIеман хьуьнаршца, халкъан къинхьегаман кхиамашца, (цу йукъахь исбаьхьаллин произведенешкахь гайтинарш а), мехала йукъаметтигаш йолуш хилар; Нохчийн Республикин символш, пачхьалкхан дезденош, исторически а, Iаламан а тIаьхьало,хIолламаш, тайп-тайпанчу къаьмнийн ламасташ ларар.

***Синъоьздангаллин кхетош-кхиоран*:**

гIиллакх-оьздангалла къасточу хьелашкахь оьздангаллин мехалла а, норманаш а йовзар; шен леларан, цу йукъахь къамел даран а, шегара даьллачун а, ткъа иштта оьздангаллин, бакъонийн норманашка хьаьжжина, кхечу адамийн леларан а, цаьргара даьллачун а мах хадо кийча хилар, диначу хIуманан хин йолчу тIаьхьалонах кхетар тидаме а оьцуш; йукъараллехь лело ца догIу гIуллакхаш адамийн леларан норманашца а,
бакъонашца а цхьаьна ца догIу гIуллакхаш жигара тIецаэцар; шен а, йукъараллин а меттиган хьелашкахь адаман маршо а, жоьпалла а.

***Эстетически кхетош-кхиоран*:**

шен а, кхечу а халкъийн исбаьхьаллин тайп-тайпанчу кепех,
ламастех, кхолларалле кхеташ хилар; исбаьхьаллин эмоцин тIеIаткъамах кхетар; зIенан а, ша-шен гайтаран а гIирсех санна исбаьхьаллин культурин мехаллех кхетар; даймехкан а, дуьненан а исбаьхьаллин мехаллех кхетар; исбаьхьаллин тайп-тайпанчу кепашкахь ша-шен гайтаре гIертар.

***Физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, синхаамийн хьал а кхиоран*:**

шен дахарехь, книгаш йешарехь зеделлачунна тIе а тевжаш, дахаран мехаллех кхетар; шен могашаллина жоьпаллехь хилар а, дахаран могашчу кепана тIехьажам хилар а (аьхна кхача, гигиенин бакъонаш ларйар, дIанисйина дешаран а, садаIаран а раж; диллина физически жигаралла); тIаьхьенех кхетар, зене марздаларш (спирт малар, цигаьрка озар,
наркотикашка марзвалар), физически (а, синIаткъаман а, могашаллина зене йолу кхин тайпа кепаш тIецаэцар; кхерамзаллин бакъонаш ларйар, цу йукъахь ишколан меттан дешаран процессехь интернет-гуонехь кхерамзаллин леларан карадерзарш а; халахетарех а, хийцалуш долчу йукъараллин, хааман, Iаламан хьолех а вола хьуьнар хилар, цу йукъахь шена зеделлачух кхеташ а, кхин дIа йолу Iалашонаш хIиттош а; йемал ца беш, ша а, кхиберш а тIеэца хаар; шен а, кхиболчеран а синхаамийн хьолах кхета хаар, шегара хьал гайтархьама меттан гIирсех нийса пайдаэцар, цу йукъахь нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенешкарчу масалшна тIе а тевжаш; рефлексин карадерзарш кхиор, шегара а, ткъа иштта кхечу стагера а гIалат дала бакъо хилар къобалдар.

***Къинхьегаман кхетош-кхиоран*:**

технологин а, йукъараллин а хьажаман практикин хьесапаш (доьзалан,

ишколан, гIалин, мехкан дозанехь) кхочушдарехь жигара дакъалаца тIехьажам хилар, цу тайпана гIуллакх дIадоло, план хIотто а, ша кхочушдан а хьуьнар хилар;

корматаллаш а, тайп-тайпана къинхьегам а практикехь Iамо дог дар, цу йукъахь Iамочу предметан хаарех пайдаэцаран а, филологаша, журналисташа, йаздархоша бен болх бовзаран а буха тIехь а; къинхьегаме а, къинхьегаман жамIашка а ларам хилар; шен а, йукъараллин а хьашташ тидаме а оьцуш, кхетарца харжар, дешаран, дахаран хьесапийн шен траектори дIахIоттор; хиндолчух долу шен хьесапаш схьадийца хаар.

***Экологин кхетош-кхиоран*:**

гонахарчу декъехь хьесапаш кхочушдархьама йукъараллин а, Iаламан а Iилманийн декъехь долчу хаарех пайдаэцар, дечун план хIоттор, гонахарчарна цунах хила тарлучу тIаьхьалонан мах хадор; экологин проблемех лаьцна шена хетарг хьекъале а, нийса а схьаала хаар;

экологин культурин тIегIа лакхайаккхар, экологин проблемаш йаккхий хиларх а, уьш къасто некъаш лаха дезарх а кхетар; гонахарчарна зуламе долу дараш жигара тIецаэцар, цу йукъахь экологин проблемаш ойъу литературин прозведенеш йовзарца кхиънарш а; Iаламна, йукъараллина, технологина йукъахь долчу хьелашкахь гражданина а, хьаштхочо а санна айхьа дан дезачух кхетар; экологин хьажаман практикин гIуллакхдарехь дакъалаца кийча хилар.

***Iилманан довзаран мехаллин*:**

адаман а, Iаламан а, йукъараллин а кхиаран коьртачу низамех, адаман Iаламан а, йукъараллин а гуонаца йолчу уьйрех, меттан кхиаран низамех лаьцначу Iилманан кхетамийн вайн заманан къепеца гIуллакхдарехь кхиар; меттан а, йешаран а культура, йешаран говзалла дуьне довзаран гIирс санна карайерзор; ишколан меттан дешаран башхаллаш лоруш, лехаман гIуллакхдаран коьрта хаарш карадерзор; зеделлачух, диначух, тидамех кхетарна тIехьажам а, шен а, йукъарчу а хьоле кхачаран некъаш кхачаме дало гIертар а.

***Дешархо йукъараллин а, Iаламан а гуонан хийцалучу хьолех воларан*:**

йукъараллин зеделларг, коьрта йукъараллин гIуллакхаш, йукъараллехь леларан бакъонаш, норманаш, йукъарлонашкахь а, тобанашкахь а йукъараллин дахаран кепаш дешархоша карайерзор, корматаллин гIуллакхдарца, ткъа иштта доьзал а, кхечу культурин гуонера нахаца йукъараллин зIе хиларан гурашкахь вовшахтоьхна тобанаш а йукъа а лоцуш; билггал доцчу хьелашкахь зIе хиларан хьашт, кхечеран хаарш а, царна зеделларг а тIеэца кийча хилар; практически гIуллакхдарца шена хууш долчун тIегIа лакхадаккхарехь билггал доцчу хьелашкахь даран хьашт хилар, цу йукъахь кхечу нахах Iама хаар а, цхьаьна гIуллакхдарехь кхечарна зеделлачух девза гIуллакхаш, карадерзарш, керла хаарш тIеэца хаар а; объектех, хиламех лаьцна гипотезаш, цу йукъахь хьалха бевзаш цахилларш а, кхетамаш, ойла кепе йалоран, васташ цхьаьнадалоран говзалла а, керла хаарш а кхио оьшуш хилар а; шен хаарш къен хиларх кхетар, шен кхиаран хьесап хIоттор; коьртачу кхетамех, терминех, кхиаран концепцин декъехь шена хетачух пайдаэца хаар, экономикин, йукъараллин, Iаламан вовшашца йолу уьйр гучуйаккха а, талла а хаар, гонахарчунна Iаткъам бар, Iалашонашка кхачар, кхайкхамаш а, хила тарлун йаккхий тIаьхьалонаш а эшор тидаме а оьцуш, ша дечун мах хадо хаар;

книгаш йешарехь, къамел дарехь, дахарехь зеделлачунна тIе а тевжаш, Iаткъамечу хьолах кхета, хуьлучу хийцамийн, церан тIаьхьалонийн мах хадо;

Іаткъамечу хьолан мах хадо, тІеэцна сацамаш, дараш нисдан; кхераман, тІаьхьалонан мах хадо а, кепе йало а, зеделларг кхио, хІоьттинчу хьолехь диканиг лаха хаа; кхиаман гаранти йоцуш, гІуллакх дан кийча хила хьуьнар хилар.

МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМІАШ

1. Дешаран универсальни довзаран дараш карадерзор

***Коьрта маьІнин дараш*:**

меттан дакъойн, меттан хиламийн, процессийн ладаме билгалонаш гучуйаха а, билгалйаха а;

меттан дакъош (хиламаш) тайпанашка дІасадекъаран ладаме билгало, жамІдарна а, дустарна а бахьанаш, кхочушйечу анализан критереш къасто; ладамечу билгалоне хьаьжжина, меттан дакъош тайпанашка дІасадекъа;

низаме хьаьжжина дерг а, цхьаьнацадогІург а къасточу факташкахь, хаамашкахь, тидамашкахь гучудаккха; низаме хьаьжжина дерг а, цхьаьнацадогІург а гучудаккхаран критереш йала;

хІоттийна дешаран декхар кхочушдарна оьшучу текстан хааман къоьлла гучуйаккха;

меттан процессаш Іаморехь бахьанин-тІаьхьалонан уьйраш гучуйаха; дедукцин а, индукцин а ойланаш сацарх, тера йогІу ойланаш сацарх пайдаэцарца жамІаш дан; уьйрех лаьцна гипотезаш кепе йало;

текстийн тайп-тайпанчу кепашца, меттан тайп-тайпанчу дакъошца болх барехь дешаран хьесап кхочушдаран кеп шен лаамехь харжа, кхочушдаран варианташ йустуш а, гІолехь вариант хоржуш а, ша билгалйина критереш тидаме оьцуш а.

***Коьрта лехаман дараш*:**

хаттарех пайдаэца мотт Іаморехь хааран лехаман гІирсах санна;

хьолан бакъ долчун а, лууш долчун а йукъара цхьаьнацадогІург гойту хаттарш кепе дало а, долуш дерг а, лоьхуш дерг а шен лаамехь дІахІотто а;

шена хетарг а, кхечарна хетарг а бакъ хиларх лаьцна гипотеза кхолла, шена хетарг а, ойла а тІечІагІйан;

дарийн алгоритм хІотто, дешаран хьесап кхочушдарехь цунах пайдаэца;

меттан дакъойн, процессийн, бахьанин-тІаьхьалонан уьйрийн, объектийн вовшашца йозуш хиларан башхаллаш дІахІитторехь ша хІоттийнчу планаца жима таллам бан;

лингвистически таллам (эксперимент) барехь схьаэцначу хааман мегаш хиларан а, бакъхиларан а мах хадо; биначу тидаме, талламе хьаьжжина, жамІаш ша кепе дало; схьаэцна жамІаш бакъхиларан мах хадоран гІирсаш караберзо;

процессийн, хиламийн кхин дІа хила тарлуш долу кхиар а, тера догІучу хьелашкахь церан тІаьхалонаш а билгалйаха, ткъа иштта керлачу хьелашкахь а, контексташкахь а церан кхиарах лаьцна шайна хетарг ала.

***Хаамца болх бар*:**

деллачу дешаран хьесапе а, йалийнчу критерешка а хьаьжжина, хаамаш лахарехь а, схьакъасторехь а тайп-тайпанчу кепех, гІирсех, жоп дехарх пайдаэца;

текстaшкахь, таблицашкахь, схемашкахь белла хаам схьакъасто, талла, къепе бало, хааман кхетам бала, цуьнан жамІ дан;

чулацамехь болу хаам бакъ хиларе а, мегаш хиларе а хьаьжжина, текстан мах хадорхьама а, дешаран хьесапаш
кхочушдаран Іалашонца оьшучу хаамах кхетархьама а ладогІаран а, йешаран

а тайп-тайпанчу кепех пайдаэца;

хIиттийнчу Iалашонашка хьаьжжина, цхьана йа масех хьостанера хаамаш схьаэцархьама, жамIдархьама, къепе балорхьама маьIнин йешарх пайдаэца;

тайп-тайпанчу хаамийн хьостанашкара тера догIу тIечIагIдарш каро (цхьа ойла, верси бакъйеш йа харцйеш йолу);

хаам луш йолу уггар гIолехь кеп (текст, презентаци, таблица, схема) ша схьахаржа а, кхочушден хьесапаш, коммуникативни хIоттаме хьаьжжина, чолхе йоцчу схемашца, диаграммашца, кхечу графикица, церан вовшех йозуш хиларца гайта а;

хьехархочо йеллачу йа ша хIоттийнчу критерешца хааман тешаме хиларан мах хадор;

хаамаш къепе бало а, эвсараллица дагахь латто а.

2. Дешаран универсальни коммуникативни дараш карадерзор

***ТIекаре*:**

тIекаренан хьелашка, Iалашонашка хьаьжжина, хетарг кхолла а, цунах кхета а, эмоцеш гайта; диалогашкахь а,
дискуссешкахь а, барта монологически къамелехь а, йозанан текстaшкахь а ша (шена хетарг) гайта;

тIекаренан ишарш йаран (дешнашца боцу) гIирсаш бовза, йукъараллин хьаьркийн маьIнех кхета;

къовсаме хьелаш кхолладаларан бахьанаш довза, къовсамаш малбан, дагадовла;

кхечеран дагахь долчух кхета, къамелхочуьнца лараме хила, хьайн дуьхьалонаш оьздачу кепе йерзо;

диалог/дискусси дIайахьарехь йийцаре йиллинчу темица догIу хаттарш дала а, хьесап кхочушдарна а, дика лаарца йолчу тIекаренна тIетарна а тIехьажийна йолу ойланаш ала а;

шена хетарг диалоган кхечу декъашхошна хетачунна дуьхьалхIотто, башхаллаш а, позицийн тера хилар а гучудаккха;

йиначу меттан анализан, кхочушйинчу лингвистически
экспериментан, талларан, проектан жамIаш нахана гуш-хезаш довзийта;

презентацин Iалашо а, аудиторин башхаллаш а лоруш, къамел даран барам ша харжа, цуьнга хьаьжжина, иллюстрацин материалах пайдаэцарца барта а, йозанан а текстaш хIитто.

***Цхьаьна гIуллакхдар*:**

билггал йолу проблема кхочушйарехь тобанца а, ша а бен болх гIолехь хиларх кхета а, цунах пайдаэца а, йуьхьарлаьцна Iалашо кхочушйарехь вовшашца зIе хиларан тобанан кепех пайдаэцар оьшуш хилар билгалдаккха;

цхьаьна гIуллакхдаран Iалашо йуьхьарлаца, цу Iалашоне кхача цхьаьна дараш хIитто: гIуллакх дIасадекъа, барт бан, цхьаьна бечу белхан процесс а, жамI а дийцаре дан; масех адамна хетачун жамI дан, куьйгалла дан, тIедиллар кхочушдан, муьтIахь хила кийча хилар гучудаккха;

цхьаьна бен болх вовшахтохаран план хIотто, шен гIуллакх къасто (вовшашца зIе хиларан массо а декъашхочунна бакъахьа хетарг а, церан таронаш а лоруш), тобанан декъашхошна йукъахь хьесапаш дIасадекъа, белхан тобанийн кепашкахь дакъалаца (дийцаре диллар, вовшех дагавалар, «хьен штурм», кхийерш а);

белхан шен дакъа кхочушдан, оцу декъехь лакхарчу жамIашка кхача, тобанан кхечу декъашхойн дарашца шен дарийн уьйр хилийта;

йукъарчу балха тIехь ша дакъалацаран эвсараллин мах хадо вовшашца зIе хиларан декъашхоша шаьш хIиттийнчу критерешца; жамIаш йуьхьанцарчу хьесапца а, тобанан хIора декъашхочун цу жамIашка кхачоран гIуллакхца а

дуста, жоьпаллин гуо дІасабекъа а, тобанна хьалха отчет йала кийча хила а.

3. Дешаран универсальни регулятивни дараш карадерзор

***Ша-шен вовшахтохар*:**

дешаран а, дахаран а хьелашкахь кхочушйен проблемаш гучуйаха;

сацам баран тайп-тайпана некъаш довза (ша цхьамма, тобанехь сацам бар, тобано сацам бар);

хьесап кхочушдаран алгоритм (йа цуьнан дакъа) ша хІотто, болчу гІирсашка а, шен таронашка а хьаьжжина, дешаран хьесап кхочушдаран кеп къасто, сацаман йелла варианташ тІечІагІйан;

дарийн план ша хІотто, иза кхочушйарехь оьшу нисдарш йукъадало;

шена хетарг къасто а, шен сацамах жоьпалла тІеэца а.

***Ша-шен таллар*:**

ша-шен талларан (цу йукъахь къамелан а), ша-шен догдаийтаран, рефлексин тайп-тайпана кепаш карайерзо;

дешаран хьолан нийса мах хадо а, иза хийцаран план йало а;

дешаран хьесап кхочушдарехь хила тарлуш йолу халонаш ган а, хийцалучу хьелашна адаптаци йан а;

гІуллакхдаран жамІашка кхачаран (цакхачаран) бахьанех кхето; коммуникативни аьтто цахиларан бахьанех кхета а, уьш ца хилийта хаа а, карадерзийнчу къамелан зеделлачун мах хадо, тІекаренан Іалашонашка а, хьелашка а хьаьжжина, шен къамел нисдан а; тІекаренан Іалашонан а, хьелийн а жамІ цхьаьнадаран мах хадо.

***Синхаамийн интеллект*:**

шен а, кхечеран а синхаамаш тІехь урхалла даран хьуьнар кхио;

синхаамаш хиларан бахьанаш гучудаха а, талла а; кхечу стеган дагахь долчух а, цуьнан бахьанех а кхета, къамелан хьал а толлуш; шен синхаамаш гайтаран кеп нисйан.

***Ша а, кхиберш а тІеэцар*:**

кхечу стагах а, цунна хетачух а кхеташ хила; ша а, кхиверг а гІалатвала бакъо йолуш хиларх кхета;

ша а, кхиберш а, йемал ца беш, тІеэцар; цІеначу дагара хила;

гонахарчу дерригенна а Іуналла дан йиш цахиларх кхета.

3.ПРЕДМЕТАН ЖАМІАШ

11 КЛАСС

Синтаксис, пуктуаци, цхьалхе предложенеш.

Синтаксис – грамматикин дакъа хилар билгалдаккхар. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан дІахІоттам а, тайпанаш а довзар. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйр а, тайпанаш а (бартбар, урхалла, тІетовжар) хууш хилар. Предложени, цуьнан дІахІоттам а, грамматически маьІна а къасто хаар. Аларан Іалашоне а, эшаре а хьаьжжана, предложенийн тайпанашка йекъа хаар. Предложени кечйеш болу гІирсаш: эшарх (интонаци), логически тохарх, дешнийн къепех пайда эца хаар. Предложенин грамматически бух билгалбаккха хаар.

Цхьалхе а, чолхе а предложенеш вовшах къастор. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш а, церан билгалонаш йовзар. Цхьалхечу предложенийн тайпанаш: шинахІоттаман а, цхьанахІоттаман а, йаьржина а, йаржаза а, йуьззана а, йуьззана йоцу а, чолхейаьлла а, чолхейалаза а хилар хаар. ЦхьанахІоттаман предложенийн тайпанаш довзар. Чолхейаьлла предложени чолхечу предложених къасто хаар. Цхьанатайпанчу а, шакъаьстинчу а меженашца а, тІедерзарца а, йукъадалочу дешнашца а, йукъайалочу конструкцешца а йолу предложенеш вовшахкъасто хаар.

Чолхечу предложенин дакъошна йукъа синтаксически уьйр тосу коьрта гІирсаш гучубаха.

Тайп-тайпанчу уьйрашца йолу чолхе предложенеш, хуттургаш йоцу а, хуттургаш йолу а (чолхе-цхьаьнакхетта, чолхе-карара) предложенеш йовза.

Къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайдаэцаран башхаллех кхета.

Чолхе-цхьаьнакхетта предложени хIотторан коьртачу норманех кхета.

Чолхе-цхьаьнакхетта предложени а, цхьанатайпанчу меженашца йолу цхьалхе предложени а грамматически тера йогIуш хиларх кхета; къамелехь йогIуш йолчу конструкцех пайдаэца.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешна синтаксически а, пунктуационни анализ йан.

Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан норманех пайдаэца.

Чолхе-карара предложенеш а, шакъаьстинчу меженашца йолу цхьалхе предложенеш а грамматически тера йогIуш хиларх кхета; къамелехь йогIуш йолчу конструкцех пайдаэца.

Чолхе-карарчу предложенех цхьалхе предложенеш йан а, цхьалхечу предложенех чолхе предложенеш йан а, маьIна а ца хуьйцуш.

Чолхе-карара предложени хIотторан коьртачу норманех а, къамелехь чолхе-карарчу предложенех пайдаэцаран башхаллех а кхета.

Чолхе-карарчу предложенешна синтаксически а, пунктуационни а анализ йан.

Чолхе-карара предложенеш хIитторан а, цу предложенешкахь сацаран хьаьркаш хIитторан а норманех пайдаэца.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенийн тайпанаш къасто. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех къамелехь нийса пайдаэца.

Хуттургаш йоцу чолхе предложени хIотторан коьртачу грамматически норманех а, къамелехь хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех пайдаэцаран башхаллех а кхета.

Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешна синтаксически а, пунктуационни анализ йан.

Пунктуаци. Орфографи.

Пунктуаци нийсайаздаран бакъонийн къепе санна йовзар. Пунктограммех кхетам балар хаар. Предложенин чаккхенгахь, цхьалхечу (чолхейаьллачу а, чолхейалазчу а), чолхечу предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, цитаташкахь, диалогехь сацаран хьаьркаш х1итто хаар.

Пунктуационни хааршца йоьзна само кхиор. Йозанехь пунктуационни коьрта норманаш ларйар. Дош орфорграфически къастор. Пунктуационни къастор. Орфографически а, пунктуационни а хьесапаш кхочушдеш орфографически дошамех, нийсайаздаран справочникех пайдаэцар.

Нохчийн меттан белхан программин кхеторан кехат

Нохчийн меттан коьрта йукъардешаран ишколана лерина программа хIоттийна:

- Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан, коьртачу дешаран программин бух т1ехь;
- С.Э.Эдиловн нохчийн меттан герггарчу хьесапехь йолчу программин бух т1ехь;
- Соьлжа-Г1алин №31 йолчу ишколан дешаран хьесапан бух т1ехь;
- Соьлжа-Г1алин №31 йолчу ишколан коьрта дешаран программин бух т1ехь.

Кху тIехь тидаме эцна йуккъерчу йукъардешарна леринчу массо а тайпана дешаран декъан гIуллакхаш кхиоран а, вовшахтохаран а программин коьрта идейш а, лехамаш а, йуьхьанцарчу йуккъерчу дешаран герггарчу программашца йозаелла а, тIаьхьало йолуш а хилар.

Программа – иза белхан программа хIотторан бух бу: цо билгалдо инвариантни (тIедоьжна декхар долу) дешаран дакъа а, шел тIаьхьа шен лаамехь дешаран чулацамах вариативни дерг харжа таро луш долу дакъа а. Йуккъерчу йукъардешаран ишколана лерина герггарчу хьесапехь йолу программа шен чулацаман башхаллашца къаьсташ йу, цкъа-делахь, йуккъерчу йукъардешаран системин предметийн чулацамца, шолгIа-делахь, Iамочеран психологически а, хенийн а башхаллашца.

Программа кхаа декъах лаьтта:

1. «Дешаран предмет карайерзорехь кхочушдан лору жам1аш».
2. «Дешаран курсан чулацам».
3. «Дешаран-тематикин хьесап».

Дешаран-методически комплект (УМК)

I. Йуккъерчу йукъардешаран ишколашна лерина нохчийн меттан lаматаш:
1. Джамалханов З.Д., Овхадов М.А., Абдулкадырова Р.А. 10-11-чуй классашна.
II. Нохчийн меттан lаматашна методически хьехамаш.
III. Диктантийн, изложенийн гуларш. Тайп-тайпана тексташ, тесташ.
IV. Дешаран дошамаш.
V. Белхан тетрадаш.

Дешаран хьесапаца цхьаьнадог1уш, нохчийн мотт 1аморна леринчу сахьтийн барам:

Класс	Шарахь	К1иранах
11	33	1

Сочинени	Изложени	Изложенин барам	Диктант	Диктантан барам
1	1	400 - 410 дош.	3	160-170 ош

ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ «НОХЧИЙН МОТТ» 1АМОРАН ЖАМ1АШ.

Нохчийн мотт – иза нохчийн къоман а, Нохчийн Республикин пачхьалкхан а мотт а, къоман историн, культурин бух а бу. Цуьнца доьзна ду къоман кхиар а.

Ненан меттан метапредметни декхарша билгалбоккху берана, цо школехь доьшучу хенахь, иза личность санна, кхиорехь массо тайпана а, йукъарчу амалехь а бен тIеIаткъам. Мотт дешархочун ойла, кхетам, суртхIотторан, кхолларалли хьуьнарш кхиоран; личность санна, ша-шен вовзийтаран, ша-шена керла хаарш карадерзоран хьуьнарш кхиоран а бух бу, дешаран гIуллакх а цхьаьна вовшахтохар йукъа а лоцуш. Ненан мотт къоман культурин, литературин, синъоьздангаллин механлашка а, адаман оьздангаллин, историн зеделлачуьнга а кхачоран гIирс а, дахарехь дIалоцу меттиг къасторан некъ а бу.

Йуккъерчу Йукъардешаран ишколехь шатайпа меттиг дIалоцу нохчийн матто. Иза вовшашца йукъаметтигаш дIакхехьарехь, гонахара дахар довзарехь, кхетош-кхиорехь механа гIирс бу.

Нохчийн мотт караберзоро таро лур йу дешархошна вовшашца йукъаметтигаш дIакхехьа, боккхачу кхиамца кхидолу меттанаш а, дешаран предметаш а Iаморехь онда гIортор хилла дIахIотта а, хийцалучу хIокху дахарехь шен меттиг каро а.

ХIума довзаран гIирс ша хиларе терра, матто ойла кхиайарна а, интеллектуальни а, кхолларалли хьуьнарш кхиорна а, шаьш кхочушдечу дешаран гIуллакхийн шардарш карадерзорна а, шен хаарш лакхадахарна а, ша-шен вовзийтарна а тIехь аьтто бо.

Шен къоман оьздангалла а, литература а, синъоьздангаллин механлаш а, дуьненан Iилма а, культура а йовзарехь механа гIирс а бу нохчийн мотт.

Нохчийн мотт дешархо къоман гIиллакх-оьздангаллин буха тIехь кхиорехь цуьнгахь кхидолчу къаьмнашка лерам хилийтаран коьрта чIагIо а йу.

Йуккъера йукъардешаран ишкол чекхйаьккхинчу дешархочуьнгахь нохчийн маттехула хила деза **личностни жамIаш:**

– нохчийн къоман оьздангаллин коьртачу механлех санна, нохчийн маттах кхетам хилар, дешар тIехь а, кхетаман, кхолларалли хьуьнарш, дешархочун гIиллакх-оьздангаллица йоьзна амалш кхиорехь а цо дIалоцучу меттигах кхеташ хилар;

– нохчийн мотт эстетически механла санна тIеэцар; цунах дозалла дар, цуьнан ларам бар; къоман оьздангаллин хилам и хиларе терра, нохчийн меттан башхалла а, цIеналла а ларйан йезар; мотт бийцар шардаре а, говза, шера бийцаре а кхачар;

– къамел дечу хенахь шен ойланаш а, синхаамаш а паргIат бовзийта а, дешнийн барам а, караберзийна грамматически гIирсаш а тоъал хилар; ша дечу къамелан тидамбеш, ша-шена мах хадо хааран хьуьнар хилар;
– нохчийн мотт уьйран, йукъаметтигаллин гIирс а, пачхьалкхан мотт а хиларх кхетар; нохчийн мотт дешаран, къинхьегаман, говзаллин гIуллакхдарехь а, ша вовзийтарехь а, йукъараллехь ша дIалоцу йолу меттиг билгалйарехь а оьшуш хиларх кхетар;
– вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а йукъаметтигаш дIакхехьарехь нохчийн маттах пайдаэца кийча хилар; къаьмнийн культурин йукъаметтигаш дIакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;
– шен къоман а, РФ-хь дехачу къаьмнийн а, дуьненайукъара а культура йовзарехь нохчийн мотт мехала гIирс хиларх кхетар.

Йуккъера йукъардешаран ишкол чекхйаьккхинчу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза **метапредметни жамIаш:**
1) къамелдаран массо а тайпа карадирзина хилар:
– барта а, йозанан а хаам цхьанатайпана тIеэца безаш хиларх кхетар;
– йешаран тайп-тайпана кепаш карайирзина хила йезар;
– тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш схьалаха хааран хьуьнар хилар, ШХГI, дешарна лерина компакт-дискаш, Интернетан гIирсаш йукъа а лоцуш;
– билггалчу темина коьчал схьалаха а, цхьана кепе йало а хаар карадерзор; шенна хаам схьалаха а, иза къасто а, цунна анализ йан а хаар; хаамийн технологи а, технически гIирсаш йукъа а лоцуш, йоьшуш йа ладугIуш бевзина хаам хийца а, ларбан а, дIабовзийта а хаар;
– хиндолчу дешаран декъан гIуллакхийн (цхьаммо ша а, вукхаьрца цхьаьна а) Iалашо билгалйан а, хьалха-тIаьхьа дийриг билгалдан а, барта а, йозанан а кепехь цхьанатайпана жамIийн мах хадо хааран хьуьнар хилар;
– паргIатчу кепехь барта а, йозанехь а нийса шен ойланаш йовзийта хьуьнар хилар;
– шен нийсархошна хьалха доклад йан йа цхьа хаамбан хаар;
2) карадирзинчу хаарех, шардарех, карадерзорех дахарехь пайдаэцар;
– билгалбинчу барамехь йацйина (план, йухасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгIна йа йешна текст йуха схьайийца хаар;
– оьрсийн мотт Iаморехь нохчийн маттах пайдаэца хаар;
– меттан башхаллех пайдаэца хааар (нохчийн меттан, оьрсийн меттан, кхечу пачхьалкхийн меттанийн, литературин урокашкахь);
3) тайп-тайпана йукъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь, дийцаре дарехь, дискуссешкахь дакъалаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар.

Йуккъера юкъардешаран ишкол чекхйаьккхинчу дешархочун нохчийн мотт караберзоран **предметни жамIаш ду:**
1) массо а тайпана къамелдаран кепаш карайирзина хилар (ладогIар, йешар, дийцар йа къамелдар (говорение**)**, йоза), гонахарчу адамашца йолу йукъаметтиг, тайп-тайпанчу хьелашка хьаьжжина, д1акхехьа аьтто бан.
2) личностан кхетаман а, кхолляраллин а хьуьнарш кхиорехь, йоза-дешар карадерзорехь, ша-шен дешар лакхадаккхарехь матто дIалоцучу меттигах кхетар;
3) ненан меттан коммуникативно-эстетически таронех пайдаэцар;
4) ненан маттах долу 1илманан хаарш шордар, системе далор; цуьнан т1ег1анаш а, дакъош а вовшашца дозуш хиларх кхетам; лингвистикин базови кхетамаш, меттан коьрта цхьааллаш, грамматикин категореш карайерзор;
5) дешан тайп-тайпанан кепара таллам бар (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложени а, дешнийн цхьаьнакхетар а синтаксически къастор:

текстана, цуьнан чулацамца а, дIахIоттаман коьртачу билгалонашца, исбаьхьаллин гIирсех пайда эцарца а боьзна таллам бар;
6) х1оьттинчу хьоле а, къамелан стиле а хьаьжжина, шен ойла а, синхаам а ненан маттахь парг1ат бийца хаар, шен меттан дешнийн хазна (лексика) алсамйаккхар, дечу къамелехь грамматически г1ирсех пайдаэца хаар.
7) нохчийн меттан лексикин, фразеологин коьрта стилистически г1ирсаш а, нохчийн меттан коьрта норманаш (орфоэпически, лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни) а, къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор; барта а, йозанан а аларшкахь зеделлачух пайдаэцар; къамелан т1ег1а лакхайаккха г1ертар;
8) меттан оьздангаллех, адамийн юкъарчу мехаллех санна, жоьпалла кхоллар.

Къамел а, къамелан т1екаре а

Арахецархо хууш хир ву:

- т1екаре йаран тайп-тайпанчу хьелашкахь монологан тайп-тайпанчу кепех пайдаэца (дийцар, суртх1оттор, ойлайар; монологан тайп-тайпана кепаш цхьаьнайалор);
- диалоган тайп-тайпанчу кепех т1екаре йаран хьелашкахь пайдаэца;
- т1екаре йаран тайпаналлин хьелашкахь къамел лелоран барам ларбан;
- къамелан т1екаре йаран процессан коммуникативни бохамех хьалхавала.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- жимачу докладца ладуг1учарна хьалха къамел дан; проект, реферат нахалахь (публично) йовзийта; нахалахь шена хетарг т1еч1аг1дан (чекхдаккха);
- проблемаш коллективни йийцаре йарехь дакъалаца, шена хетарг т1еч1агдан, ша бакъ хиларх тешо;
- коммуникативни декъехула ца нисделлачун коьртачу бахьанех кхета а, царех кхето а.

Къамелан г1уллакхдар
Ладог1ар (аудировани)

Арахецархо хууш хир ву:

- ладог1аран тайп-тайпана кепех пайдаэца (ладоьг1начу текстах кхоччуш кхеташ, коьртачу чулацамах кхеташ, оьшу хаамаш схьахаржа хууш); ладоьг1начу текстан чулацам хьалха х1оттийначу коммуникативни 1алашонца цхьаьна бог1уш барта схьабийца;
- барта кепехь темех, коммуникативни хьесапах, коьртачу ойланах кхето а, шен ойла цхьана кепе йерзо а, дешаран-1илманан, публицистически, официальни-г1уллакхдаран, исбаьхьаллин аудиотекстийн ойланийн некъ схьабийца а, къасто коьрта а, кхачаман оьшу а информаци, барта кепехь цунах кхето а;
- хьесапан, тезисийн, дешархочун изложенин (ма-йарра, хаьржина, йацйина) кепехь дешаран-1илманан, публицистически, официальни-г1уллакхдаран, исбаьхьаллин аудиотекстийн чулацам схьабийца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- публицистически текстан гуш йолчу а, къайлах йолчу а (текстан чулацамехь) хаамех кхета (ШХГ1-хь а цхьаьна), барта кепехь цуьнан анализ йан а, цунах кхето а.

Йешар

Арахецархо хууш хир ву:

- йешначу дешаран-1илманан, публицистически (хаамийн а, аналитически а, исбаьхьаллин-публицистически а жанрийн), исбаьхьаллин текстийн чулацамах кхета а, уьш барта кепехь т1екаре йаран хьелашка хьаьжжина а, цул сов дешархочун изложенин (ма-йарра, хаьржина, йацйина) кепехь, хьесапан, тезисийн (барта а, йозанан а) кепехь йухайало а;

- хьалха х1оттийначу коммуникативни хьесапца дог1учу довзийтаран, талламан, йешаран некъех дарехь йолчу говзаллех пайдаэца;
- схематически билгалбина хаам йозуш йолчу текстан кепехь;
- дешаран книгах, справочникех, кхечу хаамийн хьостех, ШХГI а, Интернетан гIирсех а цхьаьна а, болх баран некъех пайдаэца;
- билгалйаькхинчу темица коьчал схьакъасто а, цхьаьнатоха а, схьахаьржинчу хааман анализ йан а, хьалха х1оттийначу коммуникативни хьесапца цхьаьна яйаош и йовзийта а.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- йешначу тайп-тайпанчу функциональни-стилан а, жанран а текстaшкара гуш а, къайлах а (хьулбина а) болчу хаамах кхета, анализ йан, мах хадо.
- тайп-тайпанчу хьосташкара оьшу хаам схьаэца, шена хетарг ала.

Дийцар (говорение)

Арахецархо хууш хир ву:

- мехалчу социальни-оьздангаллин, г1иллакх-оьздангаллин, 1ер-дахаран, дешаран теманаш (цаьрца цхьаьна лингвистически а, цул сов, шайн чулацамца 1амош йолчу кхечу дешаран предметашца йоьзна йолу а) тайп-тайпанчу коммуникативни аг1онашца 1алашонийн а, т1екаре йаран хьелашца а йог1уш (хаам, дешаран-1илманан т1екаре йаран хьелашца жимо доклад, хиламах 1ер-дахаран маттаца дийцар, истори, къамелехь, къовсамехь дакъалацар) барта монологехь, диалогехь долу аларш (мах хадоран амалца дерш а цхьаьна) кхолла;
- 1алашонаш, цхьаьна кхочушдечу дешаран г1уллакхдаран хьесап, болх дакъошка бекъар дийцаре дан а, нийса кеп йало а;
- билгалйаькхинчу темица тайп-тайпанчу хьосташкара коьчал схьаэца, вовшахтоха, анализ йан, т1екаре йаран къастийначу хьелашка хьаьжжина, барта кепехь и йовзийта;
- х1инцалерчу нохчийн литературни меттан коьрта орфоэпически, лексически, грамматически норманаш барта къамелан т1екаре йаран дарехь ларйан; лексикех а, фразеологех а, къамелан оьздангаллин бакъонех а стилистически нийса пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- барта монологан а, диалоган а тайп-тайпанчу кепехь, жанрехь дешаран-1илманан (1амочу дешаран предметийн коьчал т1ехь), социальни-оьздангаллин а, г1уллакхан т1екаре йаран йукъаметтигашкахь а аларш кхолла;
- докладца ладуг1учарна (аудиторина) хьалха вистхила; нахалахь шен проект, реферат йовзуьйтуш чекхйаккха (защищать);
- дешаран-1илманан т1екаре йаран норманаш а ларйеш, дешаран-1илманан темица йолчу дискуссехь дакъалаца.

Йоза

Арахецархо хууш хир ву:

- тайп-тайпанчу коммуникативни аг1онийн 1алашонаш а, т1екаре йаран хьелаш тидаме а оьцуш, йозанан монологически аларш кхолла (социальни-оьздангаллин, г1иллакх-оьздангаллин, 1ер-дахаран, дешаран теманашца дешархочун сочинени, хиламах дийцар, тезисаш, отзыв, расписка, тоьшалла, зайавлени);
- дешархочун дийцаран кепехь, йа тезисаш йалорца, йа хьесап х1отторца ладоьг1начу а, йешначу а текстан чулацам (буьззина, боцца, хаьржина) бийца;
- вайзаманан нохчийн литературни меттан йозанан коьрта лексически, грамматически, орфографически а, пунктуационни а бакъонаш практикехь ларйан; стилистически нийса лексикех, фразеологех пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- рецензеш, рефераташ йазйан;

- аннотацеш, конспекташ, тезисаш х1итто;
- резюме, г1уллакхан кехаташ, д1акхайкхорш х1итто.
-

Текст

Арахецархо 1емар ву:

- планан (цхьалхе, чолхе), тезисийн, схемийн, таблицийн, кхечу кепехь а чулацам балош, текст кечйан;
- йозуш йолу текст кхолларан лехамаш тидаме а оьцуш, тайп-тайпанчу кепийн, стилийн, жанрийн шен тексташ кхолла а, нисйан а.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- барта а, йозанан а кепехь дешаран-1илманан (аннотаци, рецензи, реферат, тезисаш, конспект, къамелехь дакъалацар, дискуссеш) тексташ кхолла, официальни-г1уллакхан тексташ (резюме, г1уллакхан кехат, д1акхайкхор (объявлени)) кхолла.

Меттан функциональни башхаллаш

Арахецархо 1емар ву:

- тайп-тайпанчу жанрийн тексташ вовшах къасто а, царна анализ йан;
- барта а, йозанан а аларш тайп-тайпанчу стилашкахь, жанрашкахь, къамелан тайпанашкахь (отзыв, хаам, 1илманан стилан жанр санна доклад); вистхилар, интервью, публицистически стиль санна репортаж; расписка, тоьшалла, официальни-г1уллакхан стиль санна зайавлени; дийцар, къамелдар, къамелдаран жанр санна къовсам; дийцаран амалехь тексташ, рассуждени, описани; тайп-тайпанчу функциональни-маь1нийн къамелан тайпанашца цхьаьнайог1уш кхолла;
- нехан а, шен а къамелан аларш тайп-тайпанчу функциональни аг1онаш коммуникативни лехамашца а, меттан нийсаллица а цхьаьнайог1уш хиларан мах хадо;
- къамелан кхачамбацарш, тексташ нисйан;
- шен накъосташна хьалха вистхила жимачу информационни хаамашца, иштта докладаца а, хаамца а дешаран-1илманан темица йог1уш йолу.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- тексташ къамелан амалца, 1илманан, публицистически, официально-г1уллакхан, исбаьхьаллин литературан тексташ, шена хетарехь, лексически, морфологически, синтаксически г1ирсийн башхаллех пайда а оьцуш, анализ йан а, къасто а;
- тайп-тайпанчу функциональни стилийн, жанрийн (аннотаци, рецензи, реферат, тезисаш, конспект дешаран-1илманан стилан жанр санна) тексташ кхолла; дешаран-1илманан темина йолчу дискуссешкахь дакъалаца; резюме, г1уллакхан кехат, объявлени официально-г1уллакхан стилехь х1отто; вистхилар, информационни хаам, сочинени-ойлайар публицистически стилехь кечдан; къамелехь, 1ер-дахаран т1екаренан къовсамашкахь, къамел лелоран бакъонаш ларйеш, дакъалаца; 1ер-дахаран дийцарш, истореш кхолла, доттаг1аллин кехаташ йаздан, маттаца боцу лехамаш тидаме а оьцуш, меттан г1ирсех пайда а оьцуш;
- нахалахь дечу къамелан кепехь болчу хьежаман композици, аргументаци, меттан куц, кхиамаш х1иттийначу коммуникативни хьесапийн анализ ян;
- шен накъосташна хьалха жимачу протокольно-этикетан, самукъадаккхаран, кхеторан къамел деш вистхилар.

Маттах долу йукъара хаарш

Арахецархо 1емар ву:

- коьртачу юкъараллин функцешца нохчийн мотт къасто;
- литературни меттан а, диалектана а йукъара башхаллаш къасто, 1ер-дахаран мотт, меттан корматаллин тайпанаш, жаргон а, церан башхаллаш къастайан;

- меттан коьрта суртх1отторан г1ирсех пайдаэцарца мах хадо.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- мотт кхиорехь гоьбевллачу лингвистийн йукъадиллинарг къасто.

Фонетика а, орфоэпи а. Графика

Арахецархо 1емар ву:

- дешан фонетически анализ йан;
- литературни меттан коьрта орфоэпически бакъонаш ларйан;
- дошамашна а, справочникашна а т1ера оьшу хаам схьаэца; тайп-тайпанчу г1уллакхдарехь цунах пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- фонетикин коьрта исбаьхьаллин г1ирсаш бовза;
- прозаически а, поэтически а тексташ къастош йеша.

Морфемика а, дешан кхолладалар а

Арахецархо 1емар ву:

- дешан анализ йарца маь1нийн, грамматически, дошкхолладаларан буха т1ехь дешнаш морфемашка декъа;
- дошкхолладаларан 1амийна некъаш къасто;
- морфемикех, дошкхолладаларх долчу хаарех, говзаллех нийсайаздаран дарехь, дешнийн грамматически, лексически анализ д1айахьарехь пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- дошкхолладаларан з1енаш а, дошкхолладаларан баннаш а къасто;
- дошкхолладаларехь а, исбаьхьаллин а къамелехь коьрта исбаьхьаллин г1ирсаш бовза а, церан мах хадо а;
- морфемни а, дошкхолладаларан а, этимологически а, мультимедийни а дошамашна а, справочникашна а т1ера цхьаьна оьшу хаам схьаэца.

Лексиологи а, фразеологи а

Арахецархо 1емар ву:

- дешан лексически анализ кхочушйан;
- тематически тобанашца дешнаш вовшахтоха;
- дешнашна антонимаш, синонимаш йало;
- фразеологически карчамаш бовза;
- барта а, йозанан а аларшкахь лексически барамаш (норманаш) ларбан;
- дешан т1едеанчу маь1нийн буха т1ехь кхоллаелчу тропан коьрта тайпанаш (метафора, эпитет, олицетворени) йовза;
- тайп-тайпанчу лексически дошамех (маь1нийн (толковый), синонимийн, антонимийн, фразеологизмийн, и. д.кх.) пайдаэца а, тайп-тайпанчу г1уллакхдарехь цу т1ера схьаэцначу хаамех пайдаэца а.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- дешан лексически а, грамматически а маь1нийн башхаллийн аргументаш йало;
- тайп-тайпана омонимаш йовза;
- публицистически а, исбаьхьаллин а къамелехь лексикин а, фразеологин а коьрта исбаьхьаллин г1ирсаш бовза а, церан мах хадо а; лексически г1ирсаш 1илманан а, официально-г1уллакхан а тексташкахь къамелан стилийн башхаллех пайдаэцарх кхето;

- тайп-тайпанчу лексически дошамех (маь1нийн (толковый), синонимийн, антонимийн, фразеологизмийн, и. д.кх.), справочникех, мультимедийничарех а цхьаьна пайдаэца а, тайп-тайпанчу г1уллакхдарехь цу т1ера схьаэцначу хаамех пайдаэца а.

Морфологи

Арахецархо 1емар ву:

- лааме коьрта къамелан дакъош а, церан кепаш а, г1уллакхан къамелан дакъош довза;
- дашна, къамелан дакъа санна, таллам бан;
- морфологически хаарех а, говзаллех а нийсайаздарехь а, талламбаран (анализ яйаран) тайп-тайпанчу кепашкахь а пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- морфологин синонимически г1ирсашна таллам бан (анализ йан);
- грамматически омонимаш къасто.

Синтаксис

Арахецархо 1емар ву:

- синтаксисан коьрта цхьааллаш (дешнийн цхьаьнакхетар, предложени), церан кепаш йовза;
- шен барта а, йозанан а къамелехь тайп-тайпанчу синонимически синтаксически конструкцех а, синтаксически хаарех а, говзаллех а пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- синтаксисан синонимически г1ирсийн анализ йан;
- синтаксисан публицистически а, исбаьхьаллин а къамелан исбаьхьаллин г1ирсаш бовза а, церан мах хадо а; текстaшкахь синтаксисан конструкцеш 1илманан а, официально-г1уллакхан къамелан стилийн башхаллаш йукъайалор кхето;
- исбаьхьаллин лехаман хьежамехь синтаксисан конструкцийн башхаллаш йукъайалош, къамелан функционально-стилистически анализ йан.

Нийсайаздар: орфографи а, пунктуаци а

Арахецархо 1емар ву:

- йоза д1адахьарехь (курсан чулацаман барамехь) орфографически а, пунктуационни а барамаш ларбан;
- барта кепехь (ойлайар-рассуждени), йозанан кепехь (графически хьаьркийн г1оьнца) къастийна йаздар кхето;
- орфографически а, пунктуационни а г1алаташ каро а, нисдан а;
- орфографически дошамашна а, справочникашна а т1ера оьшу хаам схьаэца, йоза д1адахьарехь цунах пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- къамелан маь1нийн аг1онаш йовзийтарехь орфографин а, пунктуацин а меттиг гайта;
- мультимедийни орфографически дошамашна а, справочникашна а т1ера оьшу хаам схьаэца; йозанехь оцу хаамех пайдаэца.

Мотт а, оьздангалла а

Арахецархо 1емар ву:

- исбаьхьаллин литературехь а, исторически текстaшкахь а, халкъан барта кхолларалин говзаршкахь а къоман оьздангаллин декъан маь1ница меттан цхьааллаш билгалйаха;
- мотт хааро шен мехкан истори а, оьздангалла а йовза г1о деш хилар гойтуш долу масалш дало;
- 1ер-дахарехь а, дешаран г1уллакхдарехь а нохчийн къамелан оьздангаллин бакъонех нийса пайдаэца.

Арахецархочун таро хир йу 1ама:

- къастийначу масалш т1ехь меттан, оьздангаллин, халкъан историн мотт лелорхойн йукъаметтиг къасто;
- нохчийн къамелан оьздангалла Россин а, дуьненан цхьадолчу къаьмнийн а къамелан оьздангаллица йуста а, анализ йан а.

2. ДЕШАРАН КУРСАН ЧУЛАЦАМ

Нохчийн мотт Іаморан декъехула программин чулацаман коьрта башхаллаш билгалйина, коммуникативни, меттан, лингвистически, культуроведчески кхиарехь хаарш, шардарш карадерзорца доьзна.

Программин дІахІоттаман бухе диллинарг чулацаман кхо дакъа ду:

I. Коммуникативни хаарш карадерзо аьтто беш болу чулацам;
II. Меттан а, лингвистически а хаарш карадерзо аьтто беш болу чулацам;
III. Культуроведчески хаарш карадерзо аьтто беш болу чулацам.

I. Коммуникативни декъехула долчу хаарша шайна чулоцу массо а кепара къамелдаран а, барта а йозанан къамелан оьздангаллин баххаш карадирзина хилар; шен нийсархошца, психологически башхаллаш, зеделларг, дуьйцучуьнга шовкъ хилар а тидаме а оьцуш, тайп-тайпанчу дахаран хьелашкахь тІекаре йан а, къамел дан кийча а, хьуьнаре а хилар.

II. Меттан а, лингвистически а декъехула долчу хаарша шайна чулоцу йукъараллин хиламехь маьІне долу хІума санна маттаца доьзна хаарш карадерзор; меттан дІахІоттам а, кхиар а, цо ден гІуллакх а дика девзаш хилар; нохчийн литературни мотт а, оьшуш болу дешнийн барам а, къамелан грамматически дІахІоттам а карабирзина хилар; меттан хиламаш мах хадо хаарца талла хааран хьуьнар карадерзор; тайп-тайпанчу лингвистически дошамех пайдаэца хаар.

III. Культуроведчески декъехула долчу хаарша шайна чулоцу къоман оьздангаллин кеп санна мотт тІелаца безарх а, халкъан истори а, мотт а вовшех бозабелла а, нохчийн мотт къоман оьздангаллин башхалла хиларх а кхетар; гІиллакхехь, норманаш ларйеш, нохчийн маттахь къамелдан а, кхечу къаьмнийн векалшца оьзда йукъаметтигаш лело а хаар.

I-ра чулацаман дакъа лаьтта хІокху дакъойх: «Къамел», «Текст», «Къамел дарехула долу гІуллакх».

II-гІа чулацаман дакъа лаьтта хІокху дакъойх: «Нохчийн маттах болу йукъара хаамаш», «Фонетика. Графика. Орфоэпи», «Дешан хІоттам а, дошкхолладалар а», «Лексика а, фразеологи а», «Морфологи», «Синтаксис», «Орфографи а, пунктуаци а».

III-гІа чулацаман дакъа хІокху декъаца билгалдина «Мотт а, оьздангалла а».

Дакъойн чулацам ша-ша къаьстина бовзуьйту, амма къамел кхиор доьзна ду хІора дакъа Іаморца а, цхьана кепе йалийначу меттан курсан хІора темица а. ХІора дакъа шина блоках лаьтташ ду: хьалхара – теманаш а, царах болу теоретически хаамаш а бовзийтар, шолгІа – хьалхарчу пунктехь цІераш йаьхна теманаш караерзоран хьокъехь кхочушден дешаран коьрта гІуллакхаш довзийтар.

I. Коммуникативни хаарш кхиорехь кхачо ен чулацам

1-ра дакъа. Къамел а, къамелаца ен тІекаре а

1. Мотт а, къамел а. Монологически а, диалогически а, барта а, йозанан а къамел. Монолог. Диалог. Къамелаца ен тІекаре. Къамелан хьал а, цуьнан дакъош а. Йукъара а, книгийн а мотт. Йукъарчу меттан коьрта башхаллаш а, жанраш а. Къамелан стилаш: Іилманан, гІуллакхан, публицистически. Іилманан, публицистически, гІуллакхан стилийн коьрта жанраш. Исбаьхьаллин литературин мотт.

2. Барта а, йозанан а, йукъара а, книгийн а монологически, диалогически къамелан коьртачу башхаллех кхеташ хилар а, уьш вовшех къасто хууш а хилар. Монологан а, диалоган а тайп-тайпана кепаш караерзор. Долчу хьоле а, тІекаре йаран Іалашонашка а хьаьжжина, меттан гІирсех

пайдаэцар. ТIекаре йар дукха хьолахь нислуш долчу хьелашкахь къамелан норманех нийса пайдаэцар карадерзор. Стилийн, жанрийн башхаллаш тидаме а оьцуш, тексташ вовшашца йустар, царна таллам бар. Тайп-тайпанчу стилашкахь, жанрашкахь ша барта а, йозанан а аларш кхоллар.

2-гIа дакъа. Къамелан оьздангалла

1. Литературни меттан норманех болу кхетам. Меттан норма а, цуьнан декхарш а. Нохчийн литературни меттан коьрта норманаш: орфоэпически, лексически, грамматически, стилистически, нийсайаздаран. Норманийн кепаш. Нохчийн меттан дошамаш.

2. Нохчийн литературни меттан коьрта норманаш караерзор а, шен къамелехь уьш ларйар а. Литературни маттах лаьцна болу хаамаш схьалохуш дошамех пайдаэцар.

3-гIа дакъа. Текст

1. Текст къамелан произведени санна, цуьнан билгалонаш а, башхаллаш а. Тема, коьрта ойла, текстан дIахIоттам. Предложенийн, текстан дакъойн уьйрийн гIирсаш а, кепаш а. Абзац. Абзацо текстехь кхочушден гIуллакх. Текстан даран-маьIнин тайпанаш: суртхIоттор, дийцар, ойлайарца дийцар. Иэделла тайпанаш: ойлайаран кепашца суртхIоттор, суртхIотторан а, ойлайаран а кепашца дийцар и дI. кх. а. Къамелан тайпанийн стилистически кепаш. Хаамийн текст йухаметтах1отторан коьрта тайпанаш: хьесап, конспект.

2. Текстан, даран-маьIнин муьлхачу тайпанан йу а, дIахIоттаме а, теме а, коьртачу ойлане а хьаьжжина, анализ йар. Шен ойланехь дерг маьIница хьалха-тIаьхьа догIург хила дезачу кепара нисдарца довзийтар. Текст маьIнин дакъошка йекъар а, текстан хьесап хIоттор а. Текстехь предложенеш вовшех йоьзна гIирсаш а, кепаш а билгалйар, къамелехь царах пайдаэцар. Текстан дIахIоттаман норманаш ларйеш (хьалха-тIаьхьа хила дезар цхьаьнадогIуш, кхеташ а, темица йогIуш а, йозайелла а хилар), тексташ кхоллар. Къамелан аларан мах хадор а, иза кхачаме далор а. Хьесапе а, конспекте а ерзош, текст йухакечйар.

4-гIа дакъа. Къамелдар

Къамелдаран тайпанаш: ладогIар, йешар, вистхилар, йоза.

ЛадогIар. Йуккъерчу барамехь лергана хозуьйтучу текстах цхьанакепара кхетар. Ша ладоьгIна йолу текст шорйинчу йа йацйинчу барамехь кхечуьнга дIакхачор. ШГIХ маттах кхеташ хилар.

Йешар: талларан, йовзаран, лахаран хьесапехь. Йешаран тайп-тайпана кепаш а, дешаран книгица йа кхиболчу хаамийн хьостанашца болх бар а карадерзор.

Вистхилар. ТIекаре йаран хьоле а, меттиге а, Iалашонашка а хьаьжжина, барта монологически а, мехала социокультурни а, гIиллакх-оьздангаллин а, динан а дешаран теманашна аларш кхоллар. ХатI (стиль) а, жанр а тидаме а оьцуш, монолог-суртхIотторан, монолог-дийцаран, монолог-ойлаяран кепара шен аларш кхоллар.

Йоза. ЛадоьгIна йа йешна текст йозане йерзор (ма-йарра, йацйина, хаьржина). Тайп-тайпанчу жанрийн, стилийн йозанан тексташ кхоллар. ГIуллакхан кехаташ хIиттор: дIахьедар (заявление), хаам бар (объявление), тоьшалла (доверенность), резюме.

II. Маттах долу хаарш кхиорехь кхачо йен чулацам

Нохчийн маттах болу йукъара хаамаш

1. Нохчийн мотт – Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт. Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт. Мотт – адамийн уьйран а, кхиаран а, къийсаман а гIирс.

2. Меттан мехаллех а, йукъараллин дахарехь цо дIалоцучу меттигах а кхеташ хилар.

Лексикологи

1. Дош – меттан цхьа дакъа. Дешан лексически а, грамматически а маьIна. Къоман оьздангаллин маьIнин дакъа шайца долу дешнаш. ЦхьанамаьIнин а, дукхамаьIнийн а дешнаш, дешан нийса а, тIедеана а маьIна. Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш.

Нохчийн меттан лексика, шен схьайаларе хьаьжжина (билггала нохчийн а, тIеэцна а), жигара а, кIезиг пайдаоьцу а (историзмаш, архаизмаш, неологизмаш), цунах пайдаэцаран гуо (йукъара, шуьйра пайдаоьцу дешнаш, диалектизмаш, терминаш, профессионализмаш).
Лексикин стилистически дакъош: книжни, йукъара, къамелан.
Фразеологизмаш, церан билгалонаш а, маьIна а. Аларш, дустарш, кицанаш.
Нохчийн меттан дошамаш. Шинаметтан дошамаш.

2. Дахаран хьелашкахь тIекареш дIакхехьарна оьшучу барамехь лексически а, фразеологически а аларш карадерзор. ТIекаре йаран хьоле а, Iалашоне а хьаьжжина, къамелехь шайн маьIнашца вовшашца даза тарлуш долчу дешнех пайдаэцар. Дешнийн маьIнаш къасторхьама а, синонимаш, антонимаш, фразеологически цхьаьнакхетарш харжархьама а, тайп-тайпанчу дошамашца болх бар. Дош лексически къастор.

Фонетикех хаамаш

1. Фонетика а, графика а, орфоэпи а лингвистикин дакъош санна. Аз – меттан уггар а жима дакъа. Озан а, элпан а дазар. ХIинцалера нохчийн абат. Фонетически транскрипцин цхьайолу кепаш (элементаш). Мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Къамелдарехь аьзнийн хийцадалар. Нохчийн меттан шатайпана аьзнаш. Деха а, доца а мукъа аьзнаш. Дифтонгаш. Нохчийн меттан интонаци, интонационни конструкцийн коьрта тайпанаш. Орфоэпин коьрта норманаш.

2. Деха а, доца а, мукъа а, мукъаза а, зевне а, къора а аьзнаш къестор. Дешан озан а, элпан а хIоттам дуьхь-дуьхьал хIоттор. Дешан озан-элпан анализ йар. Дешнаш дакъошка декъар. Дош цхьана могIанера вукху могIане сехьадаккхаран хаарш карадерзор. Нохчийн меттан интонаци а, орфоэпически норманаш а карайирзина хилар. Нохчийн меттан интонацин а, аьзнийн къепен а башхаллех кхеташ хилар.

Морфологи а, орфографи а.

1. Морфологи – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан къамелан дакъош. Коьрта къамелан дакъош. Церан грамматически маьIна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх а. Нохчийн меттан дожарийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. Нохчийн меттан къамелан дакъойн хенийн, классан гайтамийн къепе: маьIна, кепаш, пайдаэцар. ГIуллакхан къамелан дакъош. Церан маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически гIуллакх. ГIуллакхан къамелан дакъойн тайпанаш: маьIна, хIоттам, синтаксически гIуллакх. Айдардешнаш а, азтардаран дешнаш а.

2. Шайн коьртачу билгалонашца тайп-тайпана къамелан дакъош довзар. Дош морфологически къастор. Нохчийн литературни меттан норманашца догIуш тайп-тайпанчу къамелан дакъойн дешнийн кепех (форманех) пайдаэцар. Нохчийн а, оьрсийн а меттанийн къамелан дакъойн йукъара долчух а, йукъара доччух а кхетар.

3. Морфема меттан жима а, маьIне а дакъа хиларх кхетар. Дешан лард а, чаккхе а. Орам. Цхьанаораман дешнаш. Орамерчу элпийн хийцадалар. Суффикс. Дешхьалхе.
Схьадовлаза а, схьадевлла а дешнаш. Дошкхолладаларх а, хийцадаларх а болу кхетам. Дошкхолларан а, формакхолларан а морфемаш. Нохчийн меттан дошкхолларан коьрта некъаш. Дошкхолладаларан га (пара) а, дошкхолладаларан зIе а. Морфемни а, дошкхолладаларан а дошамаш.

4. Нохчийн дешан хIоттаман башхаллех кхеташ хилар. Дешнаш а, дешан форманаш а кхолларехь морфемаша дечу гIуллакхах кхеташ хилар. Дешан морфемаш къастор. Дошкхолларан дакъошка хьаьжжина, дешан мехалла билгалйар. Цхьанаораман дешнаш харжар, къамелехь царах пайдаэцар. Дешнийн зIенаш а, дешнаш кхолларан коьрта некъаш а билгалдар. Тайп-тайпанчу некъашца дешнаш кхолла хаар карадерзор. Нийсайаздарехь дошкхолладаларан а, морфемийн а декъехула карадирзинчу хаарех, шардарех пайдаэцар. Тайп-тайпана хьесапаш морфемийн а, дошкхолладаларан а дошамашца кхочушдар.
Дешан хIоттамца дешнаш таллар, дошкхолладаларан таллам бар.

Синтаксис, пуктуаци, цхьалхе предложенеш.

1. Синтаксис – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан синтаксисан дакъош. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан дIахIоттам а, тайпанаш а. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйр а, тайпанаш а (бартбар, урхалла, тIетовжар). Предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически маьIна а. Аларан Iалашоне а, эшаре а хьаьжжина, предложенийн тайпанаш. Предложени кечйеш болу гIирсаш: эшар (интонаци), логически тохар, дешнийн къепе. Предложенин грамматически бух.

2. Пунктуаци нийсайаздаран бакъонийн къепе санна. Пунктограммех кхетам балар. Предложенин чаккхенгахь, цхьалхечу (чолхейаьллачу а, чолхейалазчу а), чолхечу предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, цитаташкахь, диалогехь сацаран хьаьркаш.

Пунктуационни хаарщца йоьзна само кхиор. Йозанехь пунктуационни коьрта норманаш ларйар. Дош орфорграфически къастор. Пунктуационни къастор. Орфографически а, пунктуационни а хьесапаш кхочушдеш орфографически дошамех, нийсайаздаран справочникех пайдаэцар.

3. Цхьалхе а, чолхе а предложенеш. Цхьалхе предложени. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш а, церан хилар а. Цхьалхечу предложенийн тайпанаш: шинахIоттаман а, цхьанахIоттаман а, йаьржина а, йаржаза а, йуьззина а, йуьззина йоцу а, чолхейаьлла а, чолхейалаза а. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш. Чолхейаьлла предложени. Цхьанатайпанчу а, шакъаьстинчу а меженашца а, тIедерзарца а, йукъадалочу дешнашца а, йукъайалочу конструкцешца а йолу предложенеш.

Чолхе предложени.

Чолхе предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически бух а. Чолхечу предложенийн тайпанаш: хуттургийн а, хуттургаш йоцу а, чолхе-цхьаьнакхетта а, чолхе-карара а. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени: дIахIоттам, тайпанаш, вовшех йозаран гIирсаш а, кепаш а. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Чолхе-карара предложенеш: дIахIоттам, тайпанаш. Чолхе-карарчу предложенехь коьртачу а, тIетухучу а предложенийн уьйран гIирс. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш.

Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш.

Хуттургаш йоцу чолхе предложени, дIахIоттам. Хуттургаш йоццу чолхечу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Нехан къамел довзийтаран кепаш. Текст синтаксически дакъа санна. Предложенийн а, текстан дакъойн а уьйрийн гIирсаш а, кепаш а.

2. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйран кеп къастор, предложенин грамматически бух билгалбар. Цхьалхечу а, чолхечу а предложенийн тайпанаш билгалдар. Предложени синтаксически къастор. Чолхе-карара предложенеш цхьалхечу а, цхьалхенаш чолхечу а предложенешка йерзор. Текст а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а кхолларан норманаш ларйар.

III. Культуроведчески хаарш кхиорехь кхачо йен чулацам

1-ра дакъа. Къоман оьздангалла маттахь а, къамелехь а

1. Мотт а, оьздангалла а вовшех йозайелла хилар. Нохчийн мотт – исбаьхьаллин литературин мотт. Маттахь къоман истори а, культура а гайтар. Нохчийн къамелан оьздангалла а, цуьнан башхаллаш а. Россехь дехачу къаьмнийн меттанаша вовшашна бен тIеIаткъам.

2. Халкъан барта кхолларалин а, исбаьхьаллин литературин а произведенешкахь къоман оьздангаллин дакъа шеца долу меттан цхьааллаш билгалйахар, лингвистически дошамийн гIоьнца церан маьIнаш дастар. Матте оьздангаллин хиламе санна хьажар. Мотт ларар, цуьнга шовкъ кхоллар.

3.Дешаран-тематикин хьесап

Х1ора тема караерзорна билгалбаьккхина сахьтийн барам д1агайтарца йолу, тематикин планировани. (Тематическое планирование с указанием количества часов, отводимых на освоение каждой темы).

Тематически план х1оттийна ю кхетош-кхиоран белхан программин тидамца. Кхетош-кхиоран декхарш кху кепара кхочушдан йаккхий таронаш ло нохчийн матто:

- Доьзална адаман дахарехь коьрта г1ортор а, цуьнан ирсан хьоста а санна.

- Къинхьегамна адаман дахаран токхене д1акхачаран коьрта кеп санна.

- Шен хьомечу латте, шен жимачу а, боккхачу а Даймахке, стаг кхиъна а, дуьххьарлера хазахетарш, бохамаш бевзина, дайша цунна ларйан йеза аьлла весет дина меттиг санна.

- 1аламна лаьтта т1ерачу дахаран хьосте, цуьнан дахаран бухе санна, адамера хаддаза терго а, лардар а хьашт долу.

- Машарна адаман дахаран коьртачу принципе санна, ч1ог1ачу доттаг1аллин билламна, т1ейог1учу хенахь белхан накъосташца юкъаметтиг тойарна а, шен долахьчу х1усамехь тамехь микроклимат кхолларна а.

- Хааршна интеллектан т1аьхьалонна санна, адаман т1аьхьенна кхачойеш, собаречу хиламан, самукъане дешаран балхана санна.

- Оьздангаллина син хьаштийн хьоле юкъаралла санна, иштта адаман дахарехь ладаме хьал хаар, ешаро, эшаро, исбаьхьалло, театро, кхолларалин шааларо кхачам боллуш луш долу.

- Могушаллина деха, жигара адаман дахар санна, цуьнан дика дог-ойла, оптимистични дахаре хьежам хилар.

- Гонахара адамашца шеко йоццуш, къаьсттина мехалла санна, цхьатерра бакъо йолуш юкъараллин декъашхочуьнца санна, муьлха оьшург д1ах1оттор а, диканиг дар терго йоллуш а хилар, адамна хазахетар луш, вовшийн г1о-накъосталла деш, терго йеш хилар, адамна хазахетарца т1екере хила бакъо а луш, синхааме ша хиларх а къахкош.

- Ша-шеца шен кхолламан да санна, ша къастош, ша кхочушхилла долу адам, ша-шен т1аьхьенна жоп луш.

4. НОХЧИЙН МЕТТАН ТЕМАТИКИН ПЛАНИРОВАНИ

11 КЛАСС

№ п/п	Программин дакъойн а, темийн а цIераш	Сахьтийн барам			Электронни дешаран ресурс.
		Декъан сахьташ	ТБ	КБ	
	Дакъа 1. Синтаксис. Цхьалхе а, чолхе а предложени. Ма-дарра а, лач а къамел				
1.1	1. Синтаксис – грамматикин дакъа. Нохчийн меттан синтаксисан дакъош. Дешнийн цхьаьнакхетар а, цуьнан дIахIоттам а, тайпанаш а. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйр а, тайпанаш а (бартбар, урхалла, тIетовжар). Предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически маьIна а. Аларан Iалашоне а, эшаре а хьаьжжана, предложенийн тайпанаш. Предложени кечйеш болу гIирсаш: эшар (интонаци), логически тохар, дешнийн къепе. Предложенин грамматически бух	5	1	0	www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru.
1.2	Цхьалхе а, чолхе а предложенеш. Цхьалхе предложени. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш а, церан хилар а. Цхьалхечу предложенийн тайпанаш: шинахIоттаман а, цхьанахIоттаман а, йаьржина а, йаржаза а, йуьззана а, йуьззана йоцу а, чолхейаьлла а, чолхейалаза а. ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш. Чолхейаьлла предложени. Цхьанатайпанчу а, шакъаьстинчу а меженашца а, тIедерзарца а, йукъадалочу дешнашца а, йукъайалочу конструкцешца а йолу предложенеш.	5	0	1	www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru.
1.3	Чолхе предложени, цуьнан дIахIоттам а, грамматически бух а. Чолхечу предложенийн тайпанаш: хуттургийн а, хуттургаш йоцу а, чолхе-цхьаьнакхетта а, чолхе-карара а. Чолхе-цхьаьнакхетта предложени:	5	1	0	www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru.

	дIахIоттам, тайпанаш, вовшех йозаран гIирсаш а, кепаш а. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Чолхе-карара предложенеш: дIахIоттам, тайпанаш. Чолхе-карарчу предложенехь коьртачу а, тIетухучу а предложенийн уьйран гIирс. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш				
1.4	Хуттургаш йоцу чолхе предложени, дIахIоттам. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкара цхьалхечу предложенийн маьIнаш. Эшар (интонаци), сацаран хьаьркаш. Нехан къамел довзийтаран кепаш. Текст синтаксически дакъа санна. Предложенийн а, текстан дакъойн а уьйрийн гIирсаш а, кепаш а. Дешнийн цхьаьнакхетарехь дешнийн уьйран кеп къастор, предложенин грамматически бух билгалбар. Цхьалхечу а, чолхечу а предложенийн тайпанаш билгалдар. Предложени синтаксически къастор. Чолхе-карара предложенеш цхьалхечу а, цхьалхенаш чолхечу а предложенешка йерзор. Текст а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а кхолларан норманаш ларйар	5	0	0	www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru.
1.5	Ма-дарра а, лач а къамел. Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор. Ма-дарра къамелехь сацаран хьаьркаш. Цитаташ а, цаьргахь сацаран хьаьркаш а	2	0	1	www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru.
Дерриг:		**22**	**2**	**2**	
	Дакъа 2. Пунктуаци. Орфографи.				
2.1.	Пунктуаци нийсайаздаран бакъонийн къепе санна. Пунктограммех кхетам балар. Предложенин чаккхенгахь, цхьалхечу (чолхейаьллачу а, чолхейалазчу а), чолхечу предложенешкахь, ма-дарра къамелехь, цитаташкахь, диалогехь сацаран хьаьркаш. Пунктуационни хааршца йоьзна само кхиор. Йозанехь пунктуационни коьрта норманаш ларйар. Дош орфорграфически къастор. Пунктуационни къастор. Орфографически а, пунктуационни а хьесапаш кхочушдеш орфографически дошамех, нийсайаздаран справочникех пайдаэцар.	3	0	0	www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru.

2.2	Орфографи дешнаш а, церан кепаш нийсайазйаран бакъонийн система санна. Орфограммех кхетам. Орамехь мукъа а, мукъаза а элпаш нийсайаздар. **Ъ**, **Ь** нийсайазйар. Дешнаш цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар. Дош дехьадаккхар. Доккха а, жима а элпаш йаздар. Нийсайазйаран дошамаш	2	1	0	www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru.
Дерриг:		**5**	**1**	**0**	
	Дакъа 3. Іамийнарг карладаккхар				
3.1.	Іамийнарг карладаккхар	1	0	0	www. desharkho.ru ps95.ru/dikdosham/ www. urok95/ru.
Дерриг:		**1**	**0**	**0**	
	Дакъа 4. ЖамІдаран таллар				
4.1	Сочинени	1			
4.2	Изложени	1			
4.3	Талламан белхаш	3			
Дерриг:		**5**	3	2	
Программин сахьтийн барам		**33**			

ПРИЛОЖЕНИЕ 1

К РАБОЧЕЙ ПРОГРАММЕ

УЧЕБНОГО ПРЕДМЕТА

«РОДНОЙ (ЧЕЧЕНСКИЙ) ЯЗЫК»

НОХЧИЙН МЕТТАН
ПОУРОЧНИ ПЛАНИРОВАНИ

(11 класс)

11 КЛАСС

№ п/п	Урокан тема	Сахьтийн барам			Терахь	Электронни дешаран ресурс
		Сахьт	ТБ	КБ		
	Синтаксис. Цхьалхе а, чолхе а предложени. Ма-дарра а, лач а къамел (22 с. + 4 с.)					
1	Дийцаран, хаттаран, айдаран, тIедожоран предложенеш.	1	0	0	07.09	ps95.ru/dikdosham/
2	Предложенехь дешнийн уьйр. Подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире.	1	0	0	14.09	www. desharkho.ru
3	Талламан болх «Микин дахар».	1	1	0	21.09	www. desharkho.ru
4	Цхьалхечу предложенийн кепаш.	1	0	0	28.09	www. desharkho.ru
5	Предложенин цхьанатайпана меженаш.	1	0	0	05.10	ps95.ru/dikdosham/
6	Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш.	1	0	0	19.10	www. urok95/ru.
7	Предложенин шакъаьстина меженаш. Шакъаьстина йуххедиллар, цуьнан нийсайаздар.	1	0	0	26.10	www. Urok95/ru.
8	Изложени «Дааделла ленаш».	1	0	1	01.11	ps95.ru/dikdosham/
9	Латтаман дурс, цуьнан нийсайаздар.	1	0	0	09.11	www. Urok95/ru.
10	Йукъадало дешнаш, предложенеш.	1	0	0	16.11	ps95.ru/dikdosham/
11	Тіедерзар, цуьнан нийсайаздар. Дешнаш-предложенеш хIаъ, хIан-хIа.	1	0	0	30.11	www. Urok95/ru.
12	Чолхе-цхьаьнакхетта предложени а, цуьнгахь хуттургаш а, сацаран хьаьркаш а.	1	0	0	07.12	ps95.ru/dikdosham/

13	Талламан болх «Борз».	1	1	0	14.12	ps95.ru/dikdosham/
14	Чолхе-карарчу предложенех кхетам.	1	0	0	21.12	ps95.ru/dikdosham/
15	Чолхе-карарчу предложенехь карара хуттургаш а, хуттурган дешнаш а.	1	0	0	28.12	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
16	Тіетухучу предложенийн грамматически билгалонаш. Тіетухучу предлженийн кепаш, церан схемаш.	1	0	0	30.12	www. Urok95/ru.
17	Тіетуху предложени, цуьнан карчамаш.	1	0	0	11.01	www. Urok95/ru.
18	Чолхе-цхьаьнакхетта предложени а, цуьнгахь хуттургаш а, сацаран хьаьркаш а.	1	0	0	18.01	ps95.ru/dikdosham/
19	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь цІоьмалг, цІоьмалгаца тІадам.	1	0	0	25.01	www. Urok95/ru.
20	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь шитІадам.	1	0	0	01.02	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
21	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь тире.	1	0	0	08.02	ps95.ru/dikdosham/
22	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь цІоьмалг, цІоьмалгаца тІадам.	1	0	0	15.02	ps95.ru/dikdosham/
23	Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенешкахь шитІадам.	1	0	0	29.02	www. Desharkho.ru
24	Ма-дарра а, лач а къамел. Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор.	1	0	0	07.03	ps95.ru/dikdosham/
25	Ма-даррачу къамелехь сацаран хьаьркаш. Цитаташ а, цаьргахь сацаран хьаьркаш а.	1	0	0	14.03	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
26	Сочинени «Ненан мотт-дахаран хазна».	1	0	1	21.03	ps95.ru/dikdosham/

	Пунктуаци. Орфографи (7 с. + 1 с.)					
27	Йозанехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонаш. *ТIадам, хаттаран хьаьрк, айдаран хьаьрк.*	1	0	0	28.03	ps95.ru/dikdosham/
28	Йозанехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонаш. *ДукхатIадамаш, цIоьмалг, цIоьмалгаца тIадам.*	1	0	0	04.04	www. Desharkho.ru
29	Йозанехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонаш. *ШитIадам, тире, къовларш, маьIалгаш.*	1	0	0	18.04	www. Desharkho.ru
30	Нохчийн орфографих боцца хаамаш.Доккха элп йаздаран бакъонаш.	1	0	0	25.04	http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
31	Талламан болх «Бохам».	1	1	0	02.05	ps95.ru/dikdosham/
32	Орамехь мукъа а, мукъаза а элпаш нийсайаздар. Дешнаш цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар.	1	0	0	16.05	www. urok95/ru.
	Іамийнарг карладаккхар (1 с.)					
33	Іамийнарг карладаккхар. Дешаран шарахь биначу белхан жамІдар.Тест№1.	1	0	0	23.05	www. urok95/ru.
ПРОГРАММИЦА САХЬТИЙН БАРАМ		**33**	**3**	**2**		

ПРИЛОЖЕНИЕ 2

К РАБОЧЕЙ ПРОГРАММЕ

УЧЕБНОГО ПРЕДМЕТА

«РОДНОЙ (ЧЕЧЕНСКИЙ) ЯЗЫК»

НОХЧИЙН МЕТТАН
МАХ ХАДОРАН
Г1ИРСИЙ ФОНД

(11 класс)

Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш

XI классан дешархойн хаарийн мах хадорехь хьехархочо куьйгалла пайдаоьцу кху некъех:

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гІалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка йукъара йуьллу.
2. Диктантана «5» дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гІалат дацахь йа цхьаннал сов пунктуационни гІалат ца хилахь.
3. «4» дуьллу, кхааннал сов орфографически а, щиннал сов пунктуационни а гІалат ца хилахь (йа шиъ орфографичсски, кхоъ пунктуационни гІалат хилахь).
3. **«3»** дуьллу, йалханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гІалат ца хилахь (йа 5 орфографически, 5 пунктуационни гІалаташ хилахь).
4. **«2»** дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (йа бархІаннал сов орфографически а, ворхІаннал сов пунктуационни а) гІалаташ ца хилахь.
5. «1» дуьллу, нагахь 2 дуьллучул гІалаташ сов хилахь.

Дсшархочун балха тІехь гІалат лара деза, орфографически а, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант йазйале оццу классехь йа цул лахарчу классашкахь Іамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цайаздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, иштта оценка «5» ца дуьллу, диктантехь 3 йа цул сов нисдарш хилча.

Оценка йуьллуш, ца лоруш дуьту:

1. программехь йоцу йа Іамийна йоцу орфографически а, пунктуационини а бакъонаш талхош долу гІалаташ (масала, V классехь хандешан карарчу а, йаханчу а хенийн чаккхенаш нийсайазйар, спряженешкахь хандешнийн нийсайаздар, подлежащиний, сказуеминий йуккъехь тире йиллар-цайиллар ца Іамадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь йу);
2. тилкхаздаьлла гІалат (описка) лору, масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* йаздинехь, *Іуьйре* хила дезачохь *Іуьйле йаздинехь;*
3. нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) йаздар, масала: йоза хила дезачохь йеза йаздахь;
4. орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш йаздар, масала: *исс - иссалгІа-уьссалгІа, итт - итталгІа – уьтталгІа;*
5. къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсайаздар, масала: *пайдаэцар - пайда эцар, нийсайаздар - нийса йаздар, гІодар - гІо дар,* и. дІ. кх.;
6. дешнашкахь дифтонгаш йазйар: *къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, йеха - йиэха,* и. дІ. кх. а.
7. *ЦІердешнийн къовсаме йаздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дІ. кх. а;*
8. дешархоша далийтинчу гІалаташна йукъара даккхий а, кегий а гІалаташ къасто деза.

Даккхий гІалаташ лору:

1 Хьалхенца Іамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографически, пунктуационни бакъонаш талхош долу гІалаташ.
2. Мукъазчу элпашна йуккъе йаздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хІаллакьхилла, меттахъхъайра.*
3. Дешхьалхенца йолчу йа чолхечу инфинитиван суффиксийн йазйар.
4. Хандешнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн йаздар *(оху - охуна йа охана, тоьгу - тоьгуна йа тоьгана).*
5. Хандешан ихначу хенан йазйар, масала: *бохура йа бахара, моьттура йа моттара.*
6. Кху кепара цІердешнийн йаздар: дечиган йа дечган, эчиган йа аьчган.
7. ЦІердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тІеэцна йолу йацйинчу а, йуьззинчу а форманийн йазйар, масала: *гІуллакх йа гІулкх, гІиллакх йа гІилкх.*

Дешархочун балха тIехь цхьамогIа (кхоъ йа цул сов) цхьана бакъонна нислуш гIалаташ хилахь, диктантана оценка лакхайаккха мега, масала, дешан чаккхенга н йаздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у) йаздарехь.

Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а (фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка йуьллу-х1ора балхана шен-шен.

Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:
«5» дуьллу, массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;
«4» дуьллу, т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;
«3» дуьллу, болх ах йа цул сов нийса бинехь;
«2» дуьллу, болх эханал к1езиг бинехь;
«1» дуьллу, цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.

Билгалдаккхар:
Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.

V - XI классашкахь йечу талламан диктантийн мах хадор

Диктант – иза офографех а, пунктуацех а долу хаарш талларан кеп йу.

Талламан дешнийн диктанто зоь кхета хала йолу офограммаш. Иза хила йиш йу х1окху дешнийн барамехь:
5 класс-10-15 дош
6 класс-15-20 дош
7 класс- 20-25 дош
8 класс- 25-30 дош
9 класс- 30-35 дош
10 класс – 35-40 дош
11 класс – 40-45 дош

Дешаран шеран 2-чу эхшарахь V-XI классийн дешархошна лучу диктантан герггарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:
V классана - 80-90 дош
VI классана - 90-105 дош
VII классана - 105 -120 дош
VIII классана- 120—135 дош
IX классана- 135-150 дош
X классана- 150- 160 дош
XI классана- 160 -170 дош

(Дешнаш дагардеш лору г1уллакхан дешнаш а)
Текст хоржуш, кху некъех пайдаэца беза:
1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературни меттан лехамашца йуьззина нийса йогIуш а хила йеза.
2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довза а довзуьйту, доски тIе дIа а йаздо.
3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, цу дешнийн нийсайаздар дешархоша Iамийна а дацахь, и дешнаш доски тIе дIайаздо.
4. Текст йоьшучу хьехархочо дIайешар литературни нийса а, муха йаздан деза, дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, Iежийн, халкъан* бохучу дешнашкахь,

литературни аларан норманашца цхьаьна а догIуш, чаккхенгара н ца олу, ткъа *саьрмик, ч1егIардиг* дешнашкахь г-ний, к-ний хьалхахь долу и а долуш санна олу.

Талламан дешнийн диктантан мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:
«5» дуьллу, цхьа а г1алат дацахь;
«4» дуьллу, 1-2 г1алат хилахь;
«3» дуьллу, 3-4 г1алат хилахь;
«2» дуьллу, 7 кхаччалц г1алат хилахь;
«1» дуьллу, 7 сов г1алат хилахь.
Дешархоша кхошушбинчу ненан меттан йозанан белхашна х1итточу оценкийн ч1аг1йина норманаш лелоро г1о дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхайаккхарна а, 1аморан а, талларан а кепара болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.
Дешархойн хаарийн мах хадорехь коьрта йолчу цхьанакепара йолчу оценкийн норманаша хьехархо мукъа ца вуьту х1ора йозанан белхан мах, массо аг1о а лоруш, шен-шен башхаллашца хадоран хьехархо декхарийлахь ву, г1алаташ а, церан масалла а тидаме эцна ца 1аш, кхочушбинчу белхан дикалла а, г1алатийн башхаллаш а тидаме эца.
Х1ора дешаран шо долалуш хьалхарчу четвертехь талламан белхан (диктантан) текстехь дешнийн дукхалла д1адахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан дешнийн дукхаллехь маго йеза. Ненан маттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

II. Изложенийн мах хадор

Сочинени а, изложени а йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) йу.
5-11 классашкахь сочинени, изложени йазйар д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

Сочинени а, изложени а йазйарехь толлу:

1) билгалйина тема схьайелла хаар;
2) темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
3) меттан барам а, нийсайаздаран бакъонаш а ларйар.

Сочиненин а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсайаздарна а, сацаран хьаьркаш йахкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.
Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:
1) болх темица бог1уш бу йа бац;
2) тема кхачо йоллуш схьайиллина йу йа йац;
3) чулацаман хиламийн рог1алла нийса йу йа йац;
4) меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна йа ца эцна;
5) къамелан кхачамбацарш ду йа дац.
Нийсайаздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсайаздаран, сацаран хьаьркаш йахкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина. Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила йеза.

Изложенина текст харжа йеза кху барамашкахь:
Vклассана – 90-130 дош
VI классана – 150-200 дош
VII классана – 200-250 дош
VIII классана – 250-300 дош
IX классана – 300-350 дош

X классана – 350-400 дош
XI классана – 400-410 дош

Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу.

Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:

1. **«5» дуьллу:**

а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, йуьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаьккхина х1ума доцуш а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин йа пунктуацин г1алат а дацахь.

2. **«4» дуьллу:**

а) нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн йерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.

3. **«3» дуьллу**:

а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а йелахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а йалийтинехь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, йалханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

4. **«2» дуьллу:**

а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалха-т1аьхьа нийса йийцарехь йаккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а йелахь;

аь) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь йалханга кхочуш г1алат динехь;

б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна йукъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.

Изложенина ши оценка йуьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

<u>III. Сочиненийн мах хадор</u>

5-9 классашкахь йазйечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:
5 классехь-0,5 - 1,0 аг1о;
6 классехь-1,0 - 1,5 аг1о;
7 классехь-1,5 - 2 аг1о;
8 классехь-2 - 3 аг1о;
9 классехь-3 - 4 аг1о;
10 классехь - 4-5 аг1о
11 классехь - 4-5 аг1о

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаа деза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5» дуьллу:**

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин йа пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4» дуьллу:**

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3» дуьллу:**

а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь пхеаннал-йалханнал сов г1алат дацахь;
аь) пхеаннал сов орфографин а, йалханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.
4. «2» дуьллу:
а) дешнаш харжарехь йа предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;
аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна йукъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.
Ненан меттан йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

Нохчийн меттан мах хадоран г1ирсийн ФОНД
(11класс)

Раг1	Предметан таллам бен дакъош	Мах хадоран г1ирсан ц1е
1	Синтаксис,пунктуаци,цхьалхе предложени	Талламан болх «Микин дахар»
2	Чолхе предложени	Талламан болх «Борз»
3	Ма-дарра а,лач а къамел	Изложени «Дааделла ленаш»
5		Сочинени «Ненан мотт-дахаран хазна»
6	1амийнарг карладаккхар, т1ечг1ар.	Тест№1

Талламан болх «Микин дахар»

Генарчу Алтайн пана лаьттачу лаьмнийн сийначу хьаннаша хьулйина 1уьллу Лесное-Юрт. Оцу йуьртахь цкъа дукхе-дукха хьалха хьаннийн лохачу ц1а чохь шен дененаца вехаш 1аш вара Мика. Микин да т1ам т1ехь вийнера. Цуьнан, нохчий ц1ера бохуш, вагон т1ехь нана а кхелхинера. Хала дара оцу махкахь адамийн дахар, къаьсттина шайн махках баьхначу нохчийн а долуш. Ло диллича, т1ебог1уш некъ цахиларна, йоцачу аьхка бора цигарчу наха 1аьнна кечам. Шен итт шо бен дацахь а, Йоккхачу Бабица эса 1аьнера даккхал докъар гулдора Микас. Йуьйш, асарш деш, баьрзнаш деш, картолаш лелайора, гурахь схьайохий, ц1ийна бухахь долчу орчуйерзайора.
Журавлиха олуш,чохь ч1ерий долуш,хаза хьаьъна хи дара йуьртан йуккъехула лам чуьра охьадог1уш. Х1орш хьалха 1ийначу генарчу Нохчийчоьнан ламанан хих,Б1аьстах,тера дара Журавлиха,цкъа тийна,йуха зевне,хьаьъна дог1уш. Цкъа цхьаьна хенахь г1арг1улеш гулллуш хилла боху кхуьнан бердашца. Цундела тиллина хина и хаза ц1е. Оцу хица шен хенарчу

берашца хьалаоьхуш,схьадевлча ц1азамаш а,гурахь хилча мангалкомарш а,кхезарш а кхоьхьура Микас тускар чохь. Дукха гена девлча,хьуьнан к1оргехь тилалуш меттиг а йог1ура берийн. Т1аккха масийтта аг1ор шайт1анан маьхьаро д1асакхоьхьуш, тилвеллачун мохь хезара.

ХЬ.Ш.Яндарбиев (177 дош)

Т1едиллар:

1.Шолг1а предложени синтаксически талла.

2.Шолг1ачу обзацехь хьаьркаш х1иттайе.

Изложени «Дааделла ленаш».

Сатасаза дара Мутуш набарха ваьлча. Говр-ворда д1а а йоьжна, чохь берш сама а ца бохуш, вордан т1е хи а, кхин цхьацца х1ума а йиллина, кех велира иза. Сихха, цхьа а хало йоцуш йог1ура кхуьнан говр, шен деха ц1ога а лестош.
Ойланийн «набарха» ваьллачу Мушана йуьртал дуккха генахь долчу ирзо т1е кхачар хиира. Кхузахь говр а сацийна, и д1а а хецна, селхана ша мангал тоха билгалйаьккхинчу басо йолчу вахара иза.

Дуьнент1ехь мел болу бала бицбелира Мутушина мангал тоха волавелча. Малх лакха балале , ворда йоьттина буц хьакхира цо. Бацах йоьттинчу вордан т1е а хиъна, ц1ехьа йолайалийтира кхуо шен говр, ша ц1ера йеана х1ума йаа виц а велла.
Де дохлуш лаьттара. Аренашка хьоьжуш вог1учу Мутушна шен говран ког шершича санна хийтира. Говр саца а йина, шен вордан т1ера охьа а воьссина, цхьацца ког а ойуш, д1ахьаьжначу цунна хьалхарчу когийн ший а лан шарделла хилар гира.

Ц1а ма- кхеччинехь, ленаш хийца г1ур ву ша аьлла, ч1аг1о йира воккхачу стага. Амма мел ч1ог1а ойла йарх, кхеран йуьртахь говран ленаш тоха хуур долу цхьа а пхьар дага ца вог1ура. Кхуо хьалха ленаш тохайтинарг кхелхина масех бутт баьллера.

«Хьан оьшу х1инца говр-ворда ?» –х1оьттура ша-шега воккхачу стага. Говран хийца дезачу ленаша ойланаш йойтучу Мутуша дагалоьцура районехь мел йолчу йуьртара шен вевза эчиган пхьар, амма цхьа а царах дийнаверг дага ца вог1ура. Иштта наггахь говран когаш шершаш ц1а кхечира Мутуша. Сихха говр д1а а хецна, х1ума а кхаьллина, кех а ваьлла дйавахара иза. Шина сахьтехь некъ бича д1акхечира х1ара луларчу йуьрта. Мел ч1ог1а кхо хеттарх, кхузахь а говран ленаш тоха хууш стаг ца карийра кхунна. Мутуша ойла йора «Муха дехар ду адамаш говраш д1айевлча?». Мел ойлайарх кхета ца туьгура и даима а машенех самукъадолуш болчарех.

«Цуьнан дог а, кхетам а шийла хир бу-кха и машен сана, цхьанна а адаман деган ойланех ца кхеташ», - бохура цо ша-шега. Цуьнан б1аьргашна хьалха х1оьттира говраш хохкучохь гулбелларш. Ма маьхьарий хьоькхура цара, шайн хазахета говр хьалхайаларе сатуьйсуш. Царна лаьа-кх чохь са долчу , хьекъалечу, эсалчу адамашна б1ешерашкахь тешаме доттаг1 хилла говраш гойла, церан хазаллех, ницкъах баккхийбен. Ткъа х1унда ду иза, деза де т1екхаччалц говраш цхьанна а дага ца йар?

Йерриге а районехь мел йолчу йуьрта вахара Мутуш говрана ленаш тухуш, уьш деш йолу меттиг лоьхуш. Амма кхунна и меттиг ца карийра. Т1аьххара а Теркал дехьахь цхьаммо цхьа оьрсийн пхьар ву ленаш тоха хууш а аьлла, цига ваха новкъавелира иза. Мутуша дог ца дуьллура. (Хажмурадов 1.)

План:

1. Ирзохь мангал хьакхар.
2. Дааделла ленаш.
3. Пхьерах лаьцна ойланаш.
4. Пхьар карош вац.

5. Тешаме доттаг1- говр.
6. Мутуша дог ца дуьллу.

Талламан болх «Борз»

Лаьтта т1ехь акхарой, дийнаташ, сагалматаш бен ца хиллачу ширачу заманахь цхьа ч1ог1а мох баьлла хилла. Дитташ ахьадеттаделла, х1ордаш, хиш лаьтта т1ехула даьржина, лаьмнаш ахьахирцина, къематде х1оьттина хилла.

Йерриге садолу х1ума д1асайедда. Йеккъа цхьа борз йисна цу махана дуьхьал йирзина, шекйоцуш. Мера т1ера ц1оган т1е кхаччалц шен схьайаьлла ц1ока махо ловзош, хиъна 1аш хилла гила борз. Кхано, цхьа хан йаьлча, мох д1атийна, сирла малх а хьаьжна, д1ах1оьттина Латта. Йерриге садолчу х1умано, т1е а гулйелла, хеттарш дина:

- Дитташ охьадетташ, лаьтта т1ехула хиш даьржина, лаьмнаш охьахерцаш, массо а садолу х1ума шайн са дадийна йеддий-хьаьддий лелачу хенахь хьо меттах а ма ца йелира, ва борз?

Дег1а т1ера охьаледаш ц1ийн т1адамаш долуш, генна д1ахьажийна ши б1аьрг болуш, курра 1ачу барзо жоп делла:

- Сан когаш бухахь дерг сан дайн латта ду, мел къематде т1едарах, Даймоохк битина, йаха меттиг болуш йац со х1окху Лаьтта т1ехь.

Ойлане кортош а охкийна, йуьхь1аьржа а х1иттина, бенашка д1асайахана акхарой. Борз йисна, царна т1аьхьа а хьоьжуш, шена хиллачу чевнаша дег1 а 1ийжош, кога акха йала шен кхин Даймохк а боцуш.М.Э.Бексултанов (169 дош).

1.Т1едиллар:

1. Текстера т1едерзар схьайазде.

2.1-чу предложенера къастамаш схьайазбе.

3.Текстан т1аьххьара предложени синтаксически талла.

Шеран талламан болх «Бохам»

Пхи шо дара моьтту суна сайн цу гурахь, 1аьнна кечйинчу алах сан вашас ц1е тесча. Тхойшиъ сирниках ловзуш вара, вовшашца уьш, лета айеш, т1екхуьйсуш, сарахь дара иза,маьрк1ажан бода къовлалуш.

Сан ваша, сол ши шо воккхахволу, т1аьххьара а, и ловзар к1орда а дина, ала т1е сирникаш кхийса х1оьттира. Аса мохь хьоькхура, саца бохуш. Ц1е эххар а марсайелира, тхойшингаи д1а а ца йайъалуш.

Тхойшиъ ведда, божалан тхов т1е а ваьлла, д1алечкъира, шипаран бист кхачалучухула хьерайаьллачу ц1аре а хьоьжуш. Йол дукха йара, арц санна, ирх а йахана, раг1у санна, йехха йоьттина. Маьхьарий дара тхойшинна хезаш, тхан да а,девежарий а,лулахой а болуш йукъахь. «Ши к1ант лаха, ши к1ант! -бохуш, мохь беттара тхан дас. – Йол йита, ши к1ант схьалаха, ваьгний хьажа ши к1ант!»

Со вилхира, мохь а баьлла, дена тхойшиъ велла моьттиний а хиъна.

И йогу ц1е а, маьхьарий а, д1асауьду нах а битина, дас тхов т1ера охьаваькхира тхойша:» велха ма велха, дукхаваха шуьшиъ, шуьшиъ дийна хилчахьана… йол-м ж1аьлеша йаахьара», - бохуш, тхойшиъ кхеравеллий а хиъна, веларца хьеста а хьоьстуш.

М.Э. Бексултанов (169 дош)

Т1едиллар.

1.Тектера ша къаьстина къастам схьайазбе.

2.Текстера хуттургаш йоцу чолхе предложени схьалаха, цуьнан грамматически лардаш билгалйаха.

3. З-чу абзацера ма-дарра къамелан схема х1оттайе.

Тесташ

Тест № 1 (1- ра вариант)

1.Предложени олу:

1. рог1ехь д1айаздинчу дешнех;

2. ойланан а, къамелан а уггар цхьалхечу декъах;

3. йозанехьвовшахкхеттачу дешнех.

4. дешнийн цхьаьнакхетарехь.

2.Дешнашна йуккъе уьйр а тосуш, дешнаш хийцалучу декъах олу:

1.суффикс; 2.чаккхе; 3.лард; 4.дешхьалхе.

3.Варийлахь(1) дукха (2) нуй (3) шайн Бабин не1ара т1ехьарниг ма балахь (4) и (5) суна бекъар бу хьуна.

Х1окху предложенехь ц1оьмалгаш йахкаран нийса вариант къастайе:

1. 1,2,4. 2.2,4,5. 3.1,3,4,5, 4. 1,2,3,4.

4.Дуккха а адамаш, къаьсттина бераш, ч1ог1а хазахеташ хьуьйсура хьаьхкинчу говрашка.
Х1окху предложенера билгалдаьхна дешнаш ду:

1.Шакъаьстина цуххедиллар;

2.Даьржина т1едерзар;
3.Йукъадало дешнаш;
4.Латтаман дурс.

5.Нохчийн маттахь легар къастадо:

1.Доланиг дожаран чаккхенца;
2. Коьчалниг дожаран чаккхенца;
3. Дийриг дожаран чаккхенца;
4. Хотталург дожаран чаккхенца;

6.Доцца аьлча экскурси дика чекхйелира. Х1окху предложенера доцца аьлча бохург:

1.йукъадало дош ду; 2.хуттург йу;
3.даран суьртан латтам; 4.шакъаьстина меже.

7.Х1ара дешнаш антонимаш дац.

1.йахь- хьаг1;

2.ирс – докъазалла;

3.буьйр-омра;

4.комаьрша- пис.

8.Орфографи олу:

1.меттан дерриге а дешнех;

2.дешнийн нийсайаздар 1амочу бакъонех;
3.йозанехь сацаран хьаьркаш х1итторан бакъонех;
4.меттиган маттах.

9.Дешан х1оттаман дакъош:

1.подлежащи, сказуеми, къастам;

2.ц1ердош, билгалдош, куцдош;

3.орам, чаккхе, дешхьалхе, суффикс,лард;

4.айдардош, дешт1аьхье, дакъалг,хуттург.

10.Терахьдешнаш хуьлу:

1.цхьалхе,чолхе,х1оттаман;
2.мухаллин,доладерзоран;

3.йаххьийн ,къастамза,гайтаран;
4.берта,бертаза.

11.Дацаран дакъалг <u>ца</u> деепричастица йаздо:

1.даима цхьаьна;

2.даима къаьстина;

3.цхьаьна а,къаьстина а;
4.дефисца.

12. **Дуьххьарлера нохчийн абат («Нохчийн джуз ду х1ара»)**

х1оттийнарг вара:

1.Досов Къеда; 2.Эльдарханов Таьштамар;

3.Ошаев Халид; 4.Солтаханов Эльбек.

13. **Латтаман дурс ду х1окху предложенехь:**

1.Селхана,иссалг1ачу ноябрехь,г1урбанан хьалхара де дара.

2.Карина,ненан цхьаъбен йоцу йо1,ч1ог1а кайина йара.

3.Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4.Цуьнан да.1илманча,дика вевзаш вара Нохчийчохь.

14.Сахиллалцшен хазачу эшаршца иза новкъайоккху зарзаро.

Х1окху предложенин грамматически лард йу:

1.иза новкъайоккху;

2.новкъайоккху зарзаро;

3.эшаршца новкъайоккху;

4.новкъайоккху.

15.Чолхе предложен иолу:

1.шина йа масех цхьалхечупредложених лаьттачух;

2.йеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

3. кхаа йа масех цхьалхечупредложених лаьттачух;

4.пхеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;

1	**2**	**3**	**4**	**5**	**6**	**7**	**8**	**9**	**10**	**11**	**12**	**13**	**14**	**15**		**«5»**	**«4»**	**«3»**	**«2»**
2	**2**	**1**	**1**	**2**	**1**	**3**	**2**	**3**	**1**	**2**	**1**	**4**	**2**	**1**		**13-15**	**10-12**	**7-9**	**1-6**

Тест № 1 (2- ра вариант)

1.Предложенино гойту:

1.адамаша ден къамел;

2.адамийн кхочушхилла йаьлла ойла;

3.вовшашца уьйр йолушцхьаьнакхетта дешнаш;

4.дщешнийн фразеологически цхьаьнакхетарш.

2.Дешан х1оттаман дакъошду:

1.подлежащи,сказуеми,къастам;

2.ц1ердош,билгалдош,куцдош;

3.орам,чаккхе,дешхьалхе,суффикс,лард;

4.айдардош,дешт1аьхье,дакъалг,хуттург.

3. **Доцца аьлча, экскурси дика чекхйелира.Х1окху предложенера доцца аьлча бохург:**

1.йукъадало дош ду; 2.хуттург йу;
3.даран суьртан латтам; 4.шакъаьстина меже.4.

4.Подлежащи хуьлу

1.лааме,лаамаза; 2.грамматически,логически: 3.мухаллин,меттиган;
4.берта,бертаза.

5.Лексика бохучу декъа йукъа ца йог1у:

1.лексикологи; 2.семасиологи;
3.лексикографи; 4.орфографи.

6.Х1ара предложени йукъара- йуьхьан йу:

1.Б1аьстенан мохо бешара г1аш лестадора.

2.Нехан динара хотталахь вуссу.

3.Селхана рег1ахь дог1а деара.

4.Арахь шелйелла.

7.1уьйранна кхетттачу малхо чехка башийра буткъа ша.

Х1окху предложенехь грамматически лард йу:

1.башийра ша; 2.кхеттачу малхо;

3.малхо башийра; 4.чехка башийра ша.

8.Кхушара къаьсттина хьийкъинера муьргаш.

Х1окху предложенехь **къаьсттина** боху дош:

1.латтам бу; 2.къастам бу; 3.кхачам бу; 4.цхьа меже йац.

9.Х1ара дешнаш синонимаш ду:

1.стигал-латта; 2.гоьза-гарс;

3.токхо-йакхо; 4.дахар-1ожалла.

10.Хьоме дешархой,шаьш дуьненчохь дехаш мел ду, мехкан а, халкъан а сий ларделаш.

Х1окху предложенехь хьоме дешархой:

1.даьржина т1едерзар ду;

2.латтаман дурс ду;

3.предложенин шакъаьстина меженаш йу;

4. йукъадало дешнаш ду.

11.Массо а машарна ваха веза бохуш,закон дукх вайн мехкан.

Х1окху предложенера т1етуху предложений йу:

1.бахьанин;

2.бехкаман;

3.къастаман;

4.кхачаман.

12. Оцу минотехь йай-й шок туьйхира? Мохьмад луьйчура сецира.

Х1окху предложенехь:

1.ц1оьмалг йилла йеза;

2.тире йилла йеза;

3.т1адам билла беза;

4.шит1адам билла беза.

13.Хоийла хьуна (1) мел хала бакъо а (2) нагахь (3) кхоччуш (4) дика хьо цунах кхеташ хуьлий (5) хьайга нийса а (6) кхетош а (7) йийцалур йуй.

Х1окху предложенехь ц1оьмалгаш йахкаран нийса вариант къастайе:

1. 2,3,5,6.
2. 1,3,5,6,7.
3. 1,2,3,4,5,6.
4. 1,2,5,6.

14. Тешам? иза къонахчун коьрта амал йу. Мотт? иза массо х1уманан а бух бу.

Х1окху предлженешкахь:

1. ц1оьмалг йилла еза;
2. т1адам билла беза;
3. тире йилла йеза;
4. шит1адам билла беза.

15. Х1инца вайн йолу алфавит т1еэцна:

1. 1908 шарахь;

2. 1918 шарахь;

3. 1927 шарахь;

4. 1938 шарахь.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2	3	1	2	4	2	3	1	2	1	3	2	4	3	4		13-15	10-12	7-9	1-6

Тест №1 (3-г1а вариант)

1. Предложени олу:

1. рог1ехь д1айаздинчу дешнех;
2. ойланан а, къамелан а уггар цхьалхечу декъах;
3. йозанехь вовшахкхеттачу дешнех;
4. дешнийн цхьаьнакхетарех.

2. Дошамаш х1иттор 1амочу лексикологин декъах олу:

1. Этимологи;
2. Лексикографи;
3. Семасиологи;
4. Диалектологи.

3. 1аьрбийн маттара т1еэцна дешнаш лела:

1. 3-чу классехь;
2. 5-чу классехь;
3. 2-чу классехь;
4. 4-чу классехь.

4. Интонологи ц1е йолу дакъа йукъадог1у:

1. фонетикана;
2. морфологина;
3. синтаксина;
4. пунктуацина.

5. Дешнашна йуккъе уьйр а тосуш, дешан хийцалучу декъах олу:

1. суффикс;
2. чаккхе;
3. лард;

4. дешхьалхье.

6.Дошкхоллар хуьлу:

1. нийса, дукханеха;

2. берта, бертаза;

3. схьадаьлла, схьадалаза;

4.чолхе,цхьалхе.

7. Шолг1ачу легарна йукъадог1у:

1.лач дожаршкахь –чу чаккхе йолу билгалдешнаш;

2.лааме мухаллин а, йукъаметтигаллин а билгалдешнаш;

3.доланиг дожарх хилла лаамаза билгалдешнаш.

8. Чолхе предложенеш хуьлу:

1. чолхе-цхьаьнакхетта,чолхе-карара,хуттургаш йоцу чолхе;

2. т1етуху, коьрта, коьртаза;

3. йуьхьан, йуьззина, ц1еран;

4. дийцаран,хаттаран, айдаран.

9. Доцца аьлча, экчкурси дика чекхйелира.

Х1окху предложенера - **доцца аьлча- бохург:**

1.йукъадолу дош ду;

2.хуттург йу;

3.даран суьртан латтам бу;

4.шакъаьстина меже йу.

10. Х1ара предложени т1едожаран йу:

1. Шийла йара тахана арахь.

2. Ма сиха д1адели-кх х1ара де!

3. Ц1ахь бан белла болх кхочушбе.

4. Хьо вог1ий соьца?

11. Х1окху предложенера ц1ерметдош йукъаметтигаллин ду:

1. Иза мила ву?

2. Цо хьаьнга дийцира цунах лаьцна?

3.Ткъа со мича ваха веза?

4.Суна-м ца хаьа, иза мила ву.

12.Чолхе предложен иолу:
1.шина йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;
2.йеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух:
3.кхаайа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;
4пхеа йа масех цхьалхечу предложених лаьттачух;.

13.Х1окху хандешнаша хьалха йахана хан гойту.

1. Вицвелла, хьагйелла ,ладег1на;

2. Дагаихнера, баьхнера, хьагйеллера;

3. Дийци,ладуьйг1и, вицви;

4.ладуг1ура, вицлора, хьаглора.

14.Спряжени олу:

1. Ц1ердош дожаршца хийцадаларх;

2. Ц1ерметдош йаххьашца хийцадаларх;

3. Хандош терахьашций, хенашций, классашций,

саттамашций хийцадаларх;

4. Билгалдешан даржашца хийцадаларх.

15.Дуьххьарлера нохчийн абат («Нохчийн джуз ду х1ара») х1оттийнарг вара:

1.Досов Къеда; 2.Эльдарханов Таьштамар;

3.Ошаев Халид; 4.Солтаханов Эльбек.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2	2	4	1	3	1	2	1	1	3	4	1	2	3	1		13.15	10-12	7-9	1-6

Тест №1 (4-г1а вариант)

1.Предложенино гойту:

1.адамаш ден къамел;

2.адамийн кхочушхилла йаьлла ойла;

3.вовшашца уьйр йолуш цхьаьнакхетта дешнаш;

4.дешнийн фразеологически цхьаьнакхетарш.

2.Х1ара предложени чолхе-карара йу:

1.Ид1абоьду некъ стенга боьдуш бу,дийцахьа суна.

2.Х1инца,суна хаьа,мало йан мегар дац.

3.Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4.Малх хьаьжнера,делахьа йовхо к1езиг йара.

3.Х1ара дешнаш дакъалгаш ду.

1.ткъа,делахь а,йа,х1етте а;

2.чу,т1ехь,к1ел,уллохь;

3.чул,х1ета,ур-атталла,мел;

4.маржа-1а1,1алелай,жолам-йа1,гап-гип-гап.

4.Кху предложенера <u>т1ехь боху дош ч1аг1даран дакъалг ду:</u>

<u>1.Тхан хьехархо а т1ех, дерриге а экскурсе дахара;</u>

<u>2.Поднара т1ехь 1уьллура г1ора эшна к1ант;</u>

<u>3.Цу суьртанш т1ехь цунна вевзира шен да;</u>

<u>4.Бешарчу дитташ т1ехь дека олзазарш.</u>

5.Х1ара преложени т1едожоран йу:

1.Шийла йара тахана арахь.

2.Ма сиха д1аделикх х1ара де!

3.Ц1ахь бан белла болх кхочушбе.

4.Хьо вог1ий соьца?

6.Х1окху предложенера сказуеми хандешан х1оттаман ду:

1.Г1иллакхий, оьздангаллий йиший, ваший ду

.2.Суна школехь дешат лаьа.

3.Дешар-серло,цадешар- бода.

4.К1антана йеза шен нана.

7.Нехан шуьнехь къонах а верстар вац, нехан хьаьвди т1ехь дин а берстар бац.

1.Х1ара предложени йу:

1.чолхе-карара;

2.хуттургаш йоцу чолхе;

3.чолхе-цхьаьнакхетта;

4.цхьалхе,цхьанатайпанчу меженашца.

8.Латтаман дурс ду х1окху предложенехь:

1.Селхана,иссалг1ачу ноябрехь,г1урбанан хьалхара де дара.

2.Карина,ненан цхьаъбен йоцу йо1,ч1ог1а кайина йара.

3.Кхин охьа а ца лахлуш, къамеле йелира зуда.

4.Цуьнан да.1илманча,дика вевзаш вара Нохчийчохь.

9.Дешан х1оттаман дакъош ду:

1.подлежащи,сказуеми,къастам;

2.ц1ердош,билгалдош,куцдош;

3.орам,чаккхе,дешхьалхе,суффикс,лард;

4.айдардош,дешт1аьхье,дакъалг,хуттург.

10.Кху предложенера къастамаш цхьанатайпана бац:

1.уьш дара керла,ховха,хаза зезагаш.

2.К1анта деара ц1ен.можа зезагаш.

3.Г1опана гонаха йара лекха аннийн керт.

4.Керт мел йу д1асакхийсина йара аннийн ,эчиган,ангалин гергаш.

11. Схьагарехь, шеко йоццуш, тешна а, хетарехь бохучу йукъадалочу дешнийн маь1на ду:

1. Рог1алла йа уьйр-йукъаметтиг гойтуш;

2.тайп-тайпанчу кепара дог тешна хилар гойтуш;

3.тайп-тайпана хаамаш,синхаамаш гойтуш;

4.хаам хьаьнгара хуьлу гойтуш.

12.Варийлахь(1) Дука(2) нуй 93) шайн Бабин не1ара т1ехьарниг ма балахь(4) и (5) суна бевзар бу хьуна.

1.1,2,4. 3.1,2,4,5.

2.2,4,5. 4.1,2,3,4.

13.Чолхе-карара предложен иолу:

1. цхьабосса бакъо йолуш цхьаьнакхеттачу цхьалхечу предложених лаьттачух:

2.кхеторан меженаш шена чохь йолчу предложених;

3.цхьанатайпана йа шакъаьстина меженаш шена чохь йолчу предложених;

4.коьртачу а, т1етухучу а предложенех лаьттачух.

14.Йа цхьанна совг1атана йелира цо и говр,йа къуша лачкъийна иза.

Х1ара предложений йу:

1. Цхьалхе,цхьанатайпанчу меженашца;

3.хуттургаш йоцу чолхе; 2.чолх-карара;

4.чолхе-цхьаьнакхетта.

15.Т1аккха Зараана хааделира цуьнан беснеш т1ехула (охь)1ийдало т1адамаш.

Х1океху предложенера охьа:

1. дешт1аьхье йу,къаьстина а йазйо;

2.дешхьалхе йу,цхьаьна айазйо;

3.дешхьалхе йу къаьстина йазйо;

4. Йа дешт1аьхье а, йа дешхьалхе а йац.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15		«5»	«4»	«3»	«2»
2	1	3	1	3	2	3	1	3	3	2	1	4	4	2		13-15	10-12	7-9	1-6

Дешаран-методикин кхачаман ларам

Дешаран-методикин гIо-Iамат

1. Дешаран-методически гIо-Iамат. Абдуразаков Ш.И., Дашаева Л.Х., Дудаев С.А.-Х., Тутаева С.Л., Хунарикова П.А. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2021. – 192 с.

2. Тимаев А.Д., Ирезиев С-Х.С-Э., Абубакаров А.Х. Практический курс морфологии чеченского языка. – Грозный: ФГУП «Издательский комплекс «Грозненский рабочий», 2012. – 176 с.

3. Эдилов. С.Э. Самукъане грамматика. 5-11 классашна дешаран пособи. (Занимательная грамматика. Учебное пособие для 5-11 классов). – Грозный: «Арфа-Пресс», 2012. – 368 с.

Методикин литература

4. Айдамирова М. А. Музейная деятельность по приобщению подрастающего поколения к культурно-историческому наследию. Учебное пособие. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 89 с.

5. Эдилов С. Э. Обучение изложению. Методическое пособие в помощь учителю. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 240 с.

6. Эдилов С. Э. Обучение сочинению. Методическое пособие в помощь учителю. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 160 с.

7. Эдилов С.Э. Учебное пособие. Практикум синтаксиса чеченского языка. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2012. – 302 с.

8. Эдилов С.Э. Учебное пособие. Практикум чеченского языка. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2020. – 320 с.

9. Эсхаджиев Я.У. Изучение орфографии и пунктуации в школе. – Грозный: Издательство «Альфа-Пресс», 2012. – 222 с.

10. Эдилов С. Э. Нохчийн мотт а, керла технологеш а (Чеченский язык и новые технологии). – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2018. – 285 с.

Луг1аташ

11. Абдуразаков Ш.И. 1аламан совг1аташ. Русско-чеченский словарь флоры и фауны. – Грозный: ОА «ИПК «Грозненский рабочий», 2016. – 192 с.

12. Арсанукаев, А.М., Михтеева Т.И. Чеченско-русский, русско-чеченский словарь. – Грозный: ГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2008. – 190 с.

13. Вагапов А. Д. Словарь синонимов чеченского языка. – Тбилиси: «Меридиан», 2011. – 734 с.

14. Ибрагимов Лоьма. Нохчийн фразеологизмийн маьIнадаран дошам (Толковый словарь чеченских фразеологизмов). – Грозный: ГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2004. – 128 с.

15. Мациев А.Г. Нохчийн-оьрсийн словарь. (Чеченско-русский словарь). – Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2010. – 656 с.

16. Умархаджиев С.М., Астемиров А.В., Асхабов Х.И., Бадаева А.С., Вагапов А.Д., Израилова Э.С., Султанов З. А. Русско-чеченский, чеченско-русский словарь компьютерной лексики. – Грозный, АН ЧР, 2017. – 238 с.

17. Халидов А.И. Словарь лингвистических терминов чеченского языка. – Грозный: ГУП «Книжное издательство», 2012. – 448 с.

Хаамийн дешаран ресурсаш

18. Нохчийн меттан лексикин-семантикин тезаурус (Лексико-семантический тезаурус чеченского языка)//URL: http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/

19. Образовательный портал «Чеченская электронная школа» //URL:https://desharkho.ru/

20. Чеченско-русский, русско-чеченский онлайн-словарь. Дикдошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/